

ISSN 2088 0812

MAJALAH UMUM BERBAHASA JAWA KRAMA

GITIS BASA


NGGAYUH UTAMANING BASA MRIH LUHURING PAKARTI



BALAI BAHASA
PROVINSI JAWA TIMUR



Isinipun Majalah



9



12



20



39



44



45

Atur Sapala Kabudayan

1

- Ngecakaken Budi Pakerti Wosipun Serat Wedatama
Tumrap Siswa wonten Pawiyatan
Hidratmoko Andritamtomo
- Cagak Listrik (Kabudayan Komunikasi Desa
Sing Digunakake Ing Kutha Jombang)
Krismonika Khoirunnisa
- Pembawa Acara, Sinten niku?
R. Budi Utomo (Pambiwara)

2

5

7

Pangarsa

- Ir. H. Juanda Kartawijaya, Perdana Menteri RI
Pungkasan, Ugi Pahlawan Kemerdekaan Nasional
J.F.X. Hoery

9

Pawartos

- Pangarsa BBJT Sambang TBM Kinanthi
Emi Sudarwati

12

Cariyos

- Legendha Putri Ngerit
St. Sri Emyani

14

Cerkak

- AMBYAR
Eni Siti Nurhayati

17

- Halusinasi
Keliek S.W.

20

- Pesen
St. Sri Emyani

23

- Order Brambang
Syafi Rilla S. Maghfuroh

25

- Dolan Menyang Museum
Zuly Kristanto

28

Geguritan

- J.F.X. Hoery*
- Nono Warnono*
- Budi Wahyono*
- Hidratmoko Andritamtomo*
- Damar Jalu Pamenang*
- Sri Asih*
- Keliek S.W.*

30

31

32

33

34

35

36

Gegujengan

- Gambar-gambar
Wahyu
- Panganane Dipageri
Sunat Ping Pindho
Budi Wahyono

37

38

Papan Wisata

- Dilem Wilis
Agrowisata Peninggalan Walanda
St. Sri Emyani

39

Pitutur Luhur

- Piwulang Adiluhung Saking Leluhur
J.F.X. Hoery

42

Daharan

- Sate Tempe Kedelai
Sri Asih

44

Wawancara

- Widodo Basuki, Pengarang Sastra Jawi
ing kang Nampi Pengaji-aji Sutasoma Warsa 2021

45

ISSN 2088 0812

TITIS BASA

MAJALAH UMUM BERBAHASA JAWA KRAMA

PENANGGUNG JAWAB

Umi Kulsum

REDAKTUR

Dalwiningsih

DEWAN REDAKSI

Darmono Saputro (Javanologi Surabaya)

Reza Fauzi (Universitas Sebelas Maret)

DESAIN GRAFIS

Okky N.

SEKRETARIAT

Rahmidi

ALAMAT REDAKSI

Balai Bahasa Provinsi Jawa Timur
Jalan Siwalanpanji II, Buduran, Sidoarjo 61252
Telepon/Faksimile 031-8051752

Pos elektronik: dalwiningsih@yahoo.com

Majalah Titis Basa nampi seratan kadosta cariyos, pangarsa, gegujengan, tetembungan, geguritan, papan wisata, dhaharan lan naskah sanesipun ingkang wonten sesambetanipun kaliyan basa lan budaya Jawa. Redhaksi sampun sarujuk kaliyan isinipun lan kanton nerbitaken kémawon.

ATUR SAPALA

Assalamu`alaikum wr. wb.

Sugeng pinanggih malih para maos. Kados pundi pawartosipun sedherek Titis Basa sedaya? Pamujinipun redhaksi mugi kita sami pinaringan kasarasan ugi pangayomanipun Gusti Inggang Maha Agung, aamiin. Alhamdulillah, tamtu bingah sanget sakmenika majalah Titis Basa sampun terbit malih ing taun 2022 edhisi kalih dasa.

Redhaksi ugi tansah ngaturaken agenging panuwun dhumateng para kadang ingkang sampun nyerat lan kintun naskah kangge Titis Basa amrih nguri-uri majalah basa Jawa krama menika tetep urip lan ngrembaka.

Boten kesupen ugi, kita sedaya supados tetep njagi lan nerapakan protokol kesehatan senadyan wekdal menika sampun radi longgar anggenipun sami ngawontenaken kegiatan utawi aktivitas ing masyarakat.

Para sutresna basa lan budaya Jawi, sumangga sami kersa kintun naskah dhateng alamat po-sel ingkang sampun katulis ing sisi kiwa atur sapala menika. Pangajengipun redhaksi, mugi majalah Titis Basa saged maringi munfangat kangge kita sedaya. Nuwun.

Wassalamu`alaikum wr. wb

Ngecakaken Budi Pakerti Wosipun Serat Wedatama Tumrap Siswa wonten Pawiyatan

dening: **Hidratmoko Andritamtomo**

A. Purwaka

1. Budaya saha Kapribaden

Wonten jaman globalisasi kathah maneka budaya saking manca nagri. Budaya kasebat tetela wonten ingkang sae nanging ugi wonten ingkang boten jumbuh kalia budaya Indonesia. Budaya Indonesia ingkang misuwur pinangka budaya wetan tansah njunjung maneka kapribaden luhur kadosta sopan santun, remen sami sabyantu, makarya sesarengan saha ngaosi. Kanthi makaten kedah saged ninthingi pangaribawanipun budaya manca ingkang sae saha trep kaliyan budayanipun piyambak. Thinthingan punika awujud kapribaden ingkang kedah katanemaken kanthi kiyat dhateng saben tiyang Indonesia. Kupa punika saged kasembadan manawi sami kersa mbudidaya kangge njagi anggenipun sesambetan ingkang prayogi dhateng sesaminipun wonten lingkungan kulawarga punapadene wonten madyaning bebrayan.

Pambudidaya nanemaken kapribaden wonten madyaning bebrayan mliginipun wonten pawiyatan saged katindakaken lumanta para guru dhateng siswanipun nalika pasinaon wonten. Perkawis punika laras kaliyan satunggalipun seratan dening anonim salebetipun Media Pendidikan Bangsa Inspirasi, 2011 ingkang medharaken bilih pendidikan karakter utawi kapribaden kadhapuk boten namung lumantar papan tulis ananging ugi kanthi kabudayan. Awit ancasipun proses *pendidikan* wonten pawiyatan boten namung nyithak tiyang ingkang pinter pikiranipun, ananging ugi anggadhahi sopan santun saha kapribaden ingkang sae.

Wonten pawiyatan salebetipun pasinaon, guru tansah mbudidaya nanemaken kapribaden ingkang sae tumrap siswanipun kanthi paring panjurung, pepenget, wulang wurug saha paring tuladha nyata. Kajawi punika materi ingkang kawucalaken dhanteng siswa ngemot maneka budi pekerti ingkang supados saged katanemaken wonten saben pribadi. Dene satunggalipun sarana kangge nanemaken kapribaden tumrap siswa tuladhanipun wonten

piwucalan basa jawi kanthi lumantar materi sekar macapat ingkang tukipun saking para pujangga jawi. Miterat Imam sutarjo, 2007, Para sosiolog ngakeni bilih sastra (sekar macapat) pinangka satunggalipun sumber kawruh babagan pakarti, kapribaden saha gegayuhanipun saben tiyang, kelompok masarakat utawi generasi tartamtu. Dene miterat Ras, 1983 salebetipun sastra kapujanggan seratanipun para raja saha pujangga estu kebak kaendahan kepara ngemot maneka pitutur utami ingkang saged dados gegebengan gesang saha nilai falsafah ingkang satuhu luhur. Maneka pitutur saha filsafat gesang kasebat rinipta salebetipun sekar satemah makna ingkang kaemot kedah dipunsinaoni murih gampil dipunmangertosi dening pamaos.

Satunggalipun tuladha karya pujangga jawi ingkang saged dipunginakaken kangge sarana ngedhuk budi pakarti inggih punika Serat Wedatama awujud sekar macapat seratanipun KGPAA Mangkunegoro kaping IV. Dene tuladhanipun cakepan wonten pada setunggal inggih punika, *Mingkar mingkuring angkara/ akarana karenan mardi siwi/ sinawung resmining kidung/ sinuba sinukarta/ mrih kretarta pakartining ngelmu luhung/ kang tumrap neng tanah Jawa/ agama ageming aji/*".

Cakepan ing nginggil lajeng dipunsuraosaken dening Andjar Any, 1983 inggih mneika nebihaken dhiri saking nepsu angkara, awit badhe anggulawenthah putra lumantar sekar saha tembang, rinengga kanthi manca warni murih saged njiwani kawruh luhur ingkang dipuntuju. Wonten tlatah jawi ingkang satuhu inggih punika kawruh agama pinangka cepengan ingkang sae. Saking pethikan cakepan kasebat sekar macapat estu saged pinangka sarana kangge nggulawenthah utawi nanemaken kapribaden luhur tumrapipun putra utawi siswa wonten pawiyatan.

2. Wosipun Budi Pekerti

Budi pekerti wonten pawiyatan saged dipuncakaken tumrapipun siswa nalika salebetipun

pasinaon. Wondene tuladha budi pakarti ingkang saged katanamaken antawisipun: (1). Kapribaden ingkang gayutanipun manembah dhateng Pangeran sae pikiran, atur saha tumindak ingkang linandhesan piwucalan agami, (2). Budi pekarti ing gayut kalian diri pribadini kadosta jujur, tanggel jawab, dhisiplin, sregep makarya, pitados dhateng pribadinipun, mandhiri saha remen ngupadi kawruh. (3). Kapribaden ingkang sesambetan kaliyan asanes antawisipun sadhar dhateng hak saha kuwajiban, mituhu dhateng pranatan sosial, kersa sabyantu dhateng tiyang sanes saha sopan santun. (4). Budi pakarti ingkang sesambetan kaliyan lingkungan antawisipun preduli dhateng lingkungan sosial, tumindak nyegah pangrisaking lingkungan, kupiya ndandosi alam ingkang risak. (5). Budi pekarti ingkang sesambetan gesang salebeting nagari kanthi nengenaken kepentinganipun bangsa lan nagari tinimbang kepentinganipun pribadi utawi kelompok (Sunarti, 2010).

3. Karya Sastra Serat Wedatama

Serat Wedatama seratan Kanjeng Gusti Pengeran Adipati Arya Mangkunegoro kaping IV dipunserat aksara jawa awujud sekar macapat kanthi basa jawa saha kawi. Serat Wedatama kadhapuk saking 100 pada ingkang ngemot 5 sekar macapat inggih punika pangkur, sinom, pocung, gambuh saha kinanthi (Andjar Any, 1983: 3). Miterat L Mardiarsito, 1976 tembung weda salebetipun kamus Jawa Kuna-Indonesia tegesipun kawruh dene tama saking tembung utama ingkang ateges sae. Kanthi makaten wedatama saged dipuntegesi kawruh babagan kesaenan. Andjar Any nyuraoasaken wosipun Serat Wedatama kanthi mardika kanthi ancas saged dipunpendhet budi pekerti ingkang kaemot wonten salebetipun. Nyuraos kanthi mardika ingkang katindaaken kanthi *menyeluruh* utawi *populer* ingkang ancasipun supados langkung gampil dipuntampi dening pamaos.

Wondene wosipun Serat Wedatama ing antawisipun inggih punika wonten pada 2-9 babagan kawruh ingkang nyata kadosta sami ngaosi kanthi njagi atur, tumindak ingkang saged damel remenipun tiyang sanes, sampun ngantos nggadhahi watak gumedhe, aleman namung njagekaken tiyang sepuh sarta ngendel-ngendelaken kasektenipun ingkang kebal. Pada 10-29 ngemot budi pekerti awujud pambudidaya kangge muwuhi gesang kanthi ngudi kawruh, nuladha ingkang sae saha saged ngendhaleni

nepsu sarta nyekapi kabetahanipun gesang. Wonten pada 31-34 ngemot budi pekerti manungsa kedah anggadhahi kapribaden ingkang sae wonten ing lair punapadene batin dene pada 42-47 ngemot budi pakarti watak satria lan sapanunggalanipun.

B. Wosipun Pirembagan

1. Cak-cakanipun Budi Pakarti Serat Wedatama wonten Pawiyatan

Wonten gandhap punika badhe kaaturaken saperangan alit pethikan budi pekarti saking wosipun Serat Wedatama saha cak-cakanipun anggenipun nanemaken kapribaden tumrap siswa wonten pawiyatan.

a. Pada kaping 3 awujud sekar Pangkur. Ngemot budi pakarti andhap asor saha saged nanggapi sedayanipun kanthi sae. Cakepanipun *Nggugu karsaning priyangga/ nora nganggo peparah lamun angling/ lumuh ingaran balilu/ uger guru aleman/ nanging janma ingkang wus waspadeng semu/ sinamun ing samudana/ sesadon ingadu manis//*. Mengku suraos namung nuruti kersanipun pribadi/ manawi matur tanpa petung/ boten purun dipunanggep bodho, namung mabuk pangalembana/ ananging tiyang ingkang pirsasasmita/ kepara tansah andhap asor (reka-reka boten pirsas) nanggapi sedayanipun kanthi sae. Cak-cakanipun tumrap siswa wonten pawiyatan guru kedah tansah ngawasi murih siswa nggadhahi nanemake kapribaden andhap asor supados boten gumedhe sinaosa klebet pinter utawi gadhah kalangkungan. Kajawi punika siswa kedah purun nanggapi panjurung saha nampi panyaruwe saking guru nalikanipun pasinaon kanthi makaten kaajap saged andadosaken siswa langkung sae ing samukawisipun.

b. Pada kaping-33. Sekar Pocung. Wosipun budi pakarti ngamalaken ngelmu saha anggadhahi greget utawi niat ingkang kiyat. Cakepanipun *Ngelmu iku, kalakone kanth laku/ lekase lawan kas/ tegese kas nyantosani/ setya budya pangekese durangkara*. Suraosipun kawruh punika saged kawujudaken manawi dipuntindaken. Dipunwiwiti kanthi greget. Greget punika ingkang damel santosa. Bebuden ingkang setya punika dados panglebur nepsu angkara. Cak-cakanipun nalika pasinaon wonten siswa ingkang dereng paham pramila guru njurung supados purun taken sae dhateng guru utawi dhateng kancanipun inagkng sampun paham. Greget ingkang kiyat punika saged dipuntanemaken kanthi

dipunpeksa supados boten lingsem nalikanipun praktek maos wonten ngajeng kelas. kajawi punika saben siswa dipunprayogekaken sami purun rembagan dhateng kancanipun.

c. Pada kaping-55. Sekar gambuh. Wosipun Budi pekerti tansah njagi kasarasan, mbudidaya tentreming ati. Cakepanipun: *Wong seger badanipun/ otot daging kulit balung sungsum/ tumrah ing rah memarah antenging ati/ antenging ati nunungku/ angruwat ruweting batos//*. Suraosipun tiyang ingkang saras badan, otot, daging kulit, balung saha sungsum mangaribawani rah ingkang andayani tentremipun ati. Tentremipun ati andadosaken. Saged ngicalaken pikiran ingkang kisruh. Cak-cakanipun siswa kedah dipunkulinaaken kangge njagi kasarasan kanthi njagi karesikan kelas, purun tanggeljawab piket, mbucal uwuh wonten papanipun saha nedha tetedhan ingkang resik saha sehat. Siswa dipunkulinaaken kangge tansah sareh murih tentrem atinipun satemah anggeipun sinau saged kanthi pikiran ingkang wening..

d. Pada kaping-74. Sekar gambuh. Budi pekertinipun maneka pakaryan dipuntindakaken kanthi sasagedipun saha purun caos pangapunten, boten nindakaken tumindak ingkang ina. Cakepanipun *Sabarang tindak tanduk/ tumidake lan sakadhipun/ den ngaksama kasisipaning sesame/ sumimpanga ing laku dur/ hardaning budi kang ngrodon//*. Suraosipun maneka tumindak dipuntindakaken sasagedipun. Purun caos pangapunten tumrap kalepatanipun tiyang sanes. Nyingkiri tumindak ingkang ina, watak angkara ingkang ageng. Cak-cakipun nalika sinau jumbuh kaliyan kasagedan dipunkulinaaken sregep sinau saha gladhen. Boten putus greget. Tansah ngulinakkaken lila legawa caos pangapunten tumrap kanca ingkang sampun damel kalepatan. Nyingkiri tumindak ina kadosta siswa ingkang nedhak nalika ulangan ateges nerak pranatan pramila kedah dipunukum, saengga siswa kapok saha boten ngambali malih

e. Pada kaping 100. Sekar Kinanthi. Budi pakarti: boten nglalekaken patuladhan sae. Cakepan: *Ananging ta kudu-kudu/ sakadarira pribadi/ away tinggal tutuladhan/ lamun tan mangkono kaki/ yekti tuna ing tumitah/ poma kaestokna kaki//* Suraosipun annaging kedah mbudidaya, sasagedipun kemawon. Sampun ngantos nglalekaken patuladhan. Manawi boten makaten, putraku. Punika ateges tuna

salebetipun gesang. Kanthi makaten putraku sae menika dipuntindakaken. Cak-cakanipun tumrapipun siswa sasaged-saged nuladha tokoh ingkang sae saha saged nuladhani bab-bab ingkang sae saking tokoh kasebat.

C. Panutup

Pitutur gesang ingkang ngemot budi pakarti salebetipun Serat Wedatama seratanipun KGPA Mangkunegoro kaping IV perlu dipunsinau saha dipuncakaken tumrap kaprabendipun siswa wonten pawiyatan. Wodene cara ngecakaken kanthi nanemaken dhateng siswa wonten pawiyatan kanthi sasaged-saged dipunkulinaaken, dipuncakaken saha dipunpeksa utawi dipunwajibaken turapipun siswa. Guru pinangka lantaran nanemaken kapribaden tumrap siswa kedah tansah anggulawenthah, paring pitedah saha paring patuladhan ingkang sae. Tumrap siswa ingkang nerak pranatan pinaringan panyaruwe saha ukuman murih boten mangsuli malih tumindakipun ingkang lepat.

Serat Wedatama pinangka satunggalipun karya sastra pujangga jawi betah dipuncakaken saha dipunsinau tumrapipun siswa salebetipun pasinaon wonten pawiyatan. Ancasipun kangge nanemaken budi pakarti sarta dipuntanemaken tumrapipun dhiri pribadi kanthi santosa murih saged nyitak tiyang ingkang unggul, nggadhahi kualitas saha nggadhahi kawasisaning pikir, emosi tuwin spiritual.

Kapustakan

- Andjar Any. 1983. *Menyingkap Serat Wedotomo*. Semarang: Aneka Ilmu.
- Anonim. 2011. Media Pendidikan Bangsa Inspirasi: *Pendidikan Karakter Untuk Masa Depan Bangsa* hal 1&3 no 1284, 21-30 juni 2011
- Imam Sutardjo. 2007. *“Peningkatan Pembelajaran Apresisi Sastra Kapujanggan”* dalam kumpulan makalah seminar nasional. Yogyakarta: Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FBS UNY.
- Mardiwarsito, L. 1979. *Kamus Jawa Kuna-Indonesia*. Flores: Nusa Indah.
- Ras. 1983. *Bunga Rampai Sastra Jawa Mutakhir*. Jakarta: Graffiti press.
- Sunarti, Titik W. 2010. *“Contoh Distribusi Nilai-Nilai Utama Ke Dalam Mata Pelajaran”* Dalam hand out dari www.themegallery.com. Bantul

Cagak Listrik

(Kabudayan Komunikasi Desa

Sing Digunakake Ing Kutha Jombang)

Dening: Krismonika Khoirunnisa

Piranti tradisional isih digunakake dening masyarakat global kanggo media komunikasi. Minangka pengganti kenthongan, cagak listrik dimanfaatkan kagem medhia sing digunakake masyarakat kanggo komunikasi jarak adoh. Saliyane fungsine minangka pembawa informasi, cagak listrik uga digunakake amarga swarane elastis (isa tekan jarak sing adoh). Dadi, wong nggawe pratandha kanthi sawetara kode swara. Manut paugeran tradhisi Jawa (swara kenthongan kanthi kode swara), cagak listrik uga nduweni kode sing ora beda adoh soko kenthongan.

Komunikasi minangka perkara sing alami lan penting ing masyarakat. Komunikasi digunakake kanggo sesambungan antarane manungsa. Ingkang utami wonten ing komunikasi inggih menika kita saged paring pesen saha informasi dhateng pamireng saha pamaos. Wujudipun komunikasi boten namung awujud pacelathon. Ananging saged awujud seratan saha patrap. Media komunikasi tradhisional ingkang asring dipungayutaken kaliyan istilah media folk inggih menika komunikasi antawisipun manungsa ingkang dipuntindakaken kanthi

ngginakaken simbol-simbol kadosta swanten, gerak, seni visual, saha pagelaran rakyat. Medhia komunikasi tradhisional wis dadi kabutuhan kanggo nyalurake informasi. Medhia ingkang efektif saha efisien wonten ing masarakat badhe dipunbetahaken, wonten ing masarakat padesan lan masarakat kutha mliginipun ingkang taksih tradhisional ing pagesanganipun.

Tiang listrik mujudake media alternatif penyampaian informasi jarak jauh kang digunakake dening masyarakat kutha mligine warga masyarakat Kaliwungu Jombang. Media komunikasi menika dipunginakaken kangge sulih Kentungan (alat-alat tradisional kangge patroli lan kamling). Iki wis dadi tradisi masyarakat, amarga swara cagak listrik dipercaya luwih banter lan jarak swara luwih adoh tinimbang kepok-kepok sing winates swarane. Cara tradisional iki minangka cara kanggo komunikasi karo wong liya. Nggunakke ketukan lan sinyal swara sing dicocogake karo kenthongan umume, ndadekake masyarakat sekitar ngerti acara utawa kegiatan sing dumadi ing lingkungane.

Ing ngisor iki ana kode swara tiang listrik ning salah siji Perumahan Jombang (Sejarah saking masyarakat, 2022).

1. 1-1-1-1, Pawarta seda utawi sedhih. Kedah sumangga sesarengan ngrumat mayit, ziarah saha ndonga.
2. 2-2-2-2, Nyolong utawa kecolongan menawi langsung melu ngoyak utawa nglaporake marang sing berwenang (RT).
3. 3-3-3-3, Kobongan. Kedah sumangg langsung melu mateni geni utawa nglaporake marang sing berwenang (dinas pemadam kebakaran).
4. 4-4-4-4 Bencana alam kados udan deres, angin topan, lan bencana alam liyane. Kedah tetep waspada lan saling jaga.
5. 5-5-5-5, Pangeling patroli wengi saben gang, blok lan RT. Kedah enggal kumpul ronda
6. 12, Pangeling-eling tengah wengi, kedah enggal budhal patroli.
7. 3-3-3, Pengabdian masyarakat bakal dianakake undangan kanggo melu kegiatan masyarakat kados kerja bakti.

Saking andharan ing nginggil saged dipuntingali bilih swanten ing cagak listrik menika kathah tegesipun saengga saged dipunginakaken kangge paring informasi. Miturut sejarahé, tiang-tiang listrik wis digunakake dening masyarakat pemukiman kanggo ngganti kenthongan. Iki adhedhasar banter swara, sing bisa tekan jarak sing adoh. Beda karo kenthongan. Swara kenthongan iku relatif cendhak utawa cedhak, mula luwih suwe yen nggunakake kenthongan kanthi jarak swara sing cedhak (kanthi mubeng utawa ditabuh bola-bali miturut kode).

Saking andharan ing nginggil saged dipuntingali bilih swanten ing cagak listrik menika kathah tegesipun saengga saged dipunginakaken kangge paring informasi.

Miturut sejarahé, tiang-tiang listrik wis digunakake dening masyarakat pemukiman kanggo ngganti kenthongan. Iki adhedhasar banter swara, sing bisa tekan jarak sing adoh. Beda karo kenthongan. Swara kenthongan iku relatif cendhak utawa cedhak, mula luwih suwe yen nggunakake kenthongan kanthi jarak swara sing cedhak (kanthi mubeng utawa ditabuh bola-bali miturut kode).

Medhia tradhisional nduweni definisi lan wigati ing ngisor iki:

1. Medhia tradhisional nduweni adhedhasar sing luwih jembar tinimbang kabutuhan modern.
2. Medhia tradshisional menika media adaptasi ingkang badhe dipunginakaken dening masarakat ingkang bersangkutan, menapa kemawon ancas ingkang dipuntektokaken dening masarakat.
3. Medhia tradhisional yaiku media kang menehi kalodhangan marang warga kanggo entuk lan kagem informasi lan pendhidhikan.
4. Medhia tradhisional menika mujudaken ingkang nyengkuyung partisipasi masyarakat minangka perencanaan, produksi, saha implementasinipun.
5. Medhia tradisional minangka sasaran masyarakat kangge ngandharaken satunggaling perkawis dhateng masarakat.

Sanajan wis mlebu ing global, medhia komunikasi tradhisional isih akeh digunakake amarga relatif gampang digunakake kanggo wong diwasa (umur 45 taun utawa luwih). Saperangan komunikasi kasebut nduweni fungsi kanggo nyambungake masyarakat lan tanggapane marang lingkungan sekitar. Media menika sampun dipundadosaken alternatif dening masarakat supados taksih saged komunikasi senajan boten dipuntindakaken kanthi pribadi (individu).

Pembawa Acara, Sinten niku?

Dening: R. Budi Utomo (Pambiwara)

Pituduh saking kadang Balai Bahasa Jawa Timur ingkang minangka UPT saking Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa (*Language Development and Fostering Agency*) Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset dan Tehnologi RI, bilih MC menika sampun wonten basa Indonesianipun, nun inggih Pembawa Acara lajeng cinekak dados PEWARA.

Dasanama (synonim) Pembawa Acara/Pewara ingkang treb ing basa Inggris: *Announcer*. Saking tembung *to announce* = mengumumkan ingkang ugi kagungan dasanama:

1. *Declare* = memaklumkan
2. *Tell, notify, inform, reveal* = memberitahukan
3. *Spell out, reduce* = menjabarkan, menjelaskan
4. *Broadcast, air, spread, relay, splash* = menyiarkan

Dados Pembawa acara menika kagungan tugas pokok & fungsi (tupoksi) = mengumumkan, memberitahukan, menyiarkan, menjabarkan, mempertahankan, memaklumkan sebuah upacara/acara.

Miturut basa ingkang dikagem Pembawa Acara/Pewara wonten 3:

1. Abasa manca

2. Abasa Indonesia
3. Abasa Daerah.

Pembawa acara/Pewara abasa Daerah utaminipun abasa Jawi, sinebat PAMBIWARA.

Bedanipun panatacara/ pranatacara & pambiwara

A. Miturut asal usul tembung (etimologi)

1. Panatacara/pranatacara saking tembung lingga **tata + cara**

Pa + an + tata (nata) + cara. Pra + an + tata (nata) + cara

Tata = Becik pangetrape (pasang rakite). **Nata** = 1. ngrakit, masang (tumrap perangan barang marang perangan barang liyane) utawi *to organize, to manage, to arrange*.

2. ngatur spy becik lan rapi sesawangane.

Cara = laku, pratikel, miturut padatan sing wis lumrah

ACARA/ADICARA = urutaning rembugan ([agenda](#), hal atau pokok [masalah](#) yang akan disampaikan atau dibahas)

UPACARA = upa = las lasaning sega acara kang katindakake miturut aturan adat, agama utawa negara. (Rangkaian [tindakan](#) yang direncanakan dengan tatanan, aturan, tanda, atau simbol kebesaran tertentu)

Dadi Panatacara/pranatacara = Juru/ahli nata (*organizer, manager, arranger*). Yaiku uwong kang nampa bebungah/arta saking wasis lan trampile olehe ngrakit lan ngatur lakune/pratikele acara/ upacara supaya becik lan rapi sesawangane.

2. Pambiwara

Saking tembung Lingga **wara**. Wara wara = biwara/ Pa + am + biwara

Wara = 1. Gunem, kandha. = 'mengumumkan' (*to announce, declare, publish, proclaim, publicize*), 'memberitahukan' (*to tell, notify, inform, give, announce, reveal*), 'menyiarkan' (*to broadcast, air, spread, relay, flash, announce*).

2. Sesebutaning putri: Wara srikandhi, Wara Banowati

Pambiwara = tiyang ingkang pakaryanipun ambiwarakaken adicara ing salebeting upacara adat saha tradisi kanthi migunakaken basa Jawi ingkang limrah boten mindho teges, treb kaliyan paramabasa (tata bahasa, grammar), nanging kaudia bisa enda

Pambiwara adalah orang yg berprofesi membawakan acara dalam upacara adat dan tradisi dengan menggunakan bahasa Jawa yang baik dan benar.

B. Miturut Pambabakan/paprinten (periodisasi) pakaryan Pewara abasa Jawa:

Perusahaan rekaman musik negara LOKANANTA madheg **29 Oktober 1956** ing Sala, produksi audio ing piringan hitam. **Taun 1972** alih produksi audio ing kaset pita.

1. Jaman saderengipun taun 1972

Lumaksananing upacara pengantin tanpa Pambiwara. Pindhahing adicara tinuntun ungeling gending saking karawitan (*live*).

2. Taun 1972 – 2017

Wiwit wonten jasa pewara abasa Jawi, awit sampun wonten rekaman gending saking kaset. Lajeng pewarara abasa Jawi sinebat PRANATACARA/PANATACARA. Awit kajawi minangka dados pewara ugi dherek ngrakit/ngrantam acara saderengipun upacara lan dherek nata wekdal lumadining upacara. (dereng wonten WO).

3. Taun 2017 ngantos samenika

Taun 2017 liwat Munas nasional kaping I ing Jakarta, para WO (*Wedding Organizer*) angadhegaken organisasi HASTANA (Himpunan Perusahaan Penata Acara Indonesia) tebah nasional. Lajeng nami panatacara lajeng dipundhut kaliyan Hastana.

Bab menika pancen sampun gayut lan treb kaliyan filosofi lan Tupoksi (tugas pokok lan aksi) pakaryanipun kadang WO = juru tata/nata.

Bumi sangsaya mingkup, ngendikanipun eyang Ranggawarsito, beta jalaran (konsekuensi/akibat) bilih jinis pakaryan sangsaya ngrucut/mirunggan. (profesi semakin spesialisasi). Ing babak (periode) 1972 - 2017, pewara abasa Jawi nggih dados pranata lan panata cara ugi wara wara (minangka tugas pokok lan fungsi /tupoksi utamanipun), sarehning samangke wonten mitra makarya ingkang sinebat WO, tupoksinipun pewara lajeng mungsret, amung tupoksi utama, nun inggih biwarakaken acara/upacara supados runtut (urut) , laras (nengsemake/ngandut sastra lan leres (ora menceng saking paramabasa lan sastra sarta pakem upacara). Mila pakaryan (profesi) Pewara abasa Jawi ing babak 3 (periode 3) nun inggih wiwit 2017, betah nami anyar ingkang boten ngembari nami, filosofi lan tupoksi kadang WO.

Nanging angggambaraken filosofi lan tupoksi ingkang satuhu saking pakaryan pewara abasa Jawi. Mila tembung pambiwara (*Announcer*) dados pilihanipun.



Ir. H. Juanda Kartawijaya

Ir. H. Juanda Kartawijaya. Perdana Menteri RI Pungkasan, Ugi Pahlawan Kemerdekaan Nasional

Propini Jawi Wetan gadhah bandara paling ageng saha paling rame nomer kalih, sasampunipun bandara Soekarno-Hatta ing Tangerang. Bandara ing Jawi Wetan wau mapan wonten Sedati, Kabupaten Sidoarjo ingkang kasebat bandara Juanda. Kenging punapa bandara menika dipun namekaken Juanda. Awit ingkang kagungan gagasan mbangun bandara menika Ir. H. Juanda Kartawijaya. Lajeng sinten ta Ir.H. Juanda Kartawijaya menika. Ing ngandhap kaaturaken riwayat saha perjuanganipun Ir. H. Juanda.

Panjenenganipun Ir. H. Juanda Kartawijaya putranipun Raden Kartawijaya Mantri Guru Hollandsch Inlandsch School (HIS) kaliyan ibu Monet. Miyos ing kitha Tasikmalaya, Jawi Kilen tanggal 14 Januari 1911, lan seda ing Jakarta tanggal 7 Nopember 1963 (yuswa 52 warsa) awi.

Sekolahipun kawiwitan ing HIS, menawi sakpunika Sekolah Dhasar, lajeng pindhah dhateng sekolahan kangge lare-lare Eropah, inggih menika Europesche Lagere School lulus taun 1924. Lajeng mlebet Hoogere Burger School (HBS) sakmenika SMA mligi kangge pranakan Eropah. Lulus saking HBS lajeng mlebet ing pawiyatan luhur Technische Hooge Shool (THS) sakmenika Institut Teknologi

Bandung (ITB) jurusan Teknik Sipil lulus taun 1933.

Perjuanganipun Ir. H. Juanda.

Bilih tokoh-tokoh nasional kalasemanten kathah ingkang berjuwang lumantar Partai Politik, Ir. Juanda nalika timuripun senaosa dados anggota Partai Nasional Indonesia (PNI) nanging boten gerak ing babagan kegiatan politik. Piyambakipun langkung remen babagan Organisasi non Partisan, ingkang dipun lebeti inggih menika Paguyuban Pasundan kaliyan Muhammadiyah.

Lulus saking THS piyambakipun dados guru mucal wonten SMA Muhammadiyah Jakarta ngantos taun 1937. Lajeng pindhah merdamel ing Jawatan Irigasi Jawi Kilen. Taun 1939 dados pegawe Departemen Pekerjaan Umum Hindia Belanda.

Sareng Indonesia merdeka tanggal 17 Agustus 1945, sewulan candhakipun ing tanggal 28 September 1945, Ir. Juanda mandhegani ngrebut (*mengambil alih*) Jawatan Kereta Api kaliyan Jawatan Pertambangan saking pamarentah Jepang.

Kanthi kedadosan menika, pamarentah Republik Indonesia lajeng ngangkat Ir. Juanda dados Kepala Jawatan Kereta Api Wilayah Jawi lan Madura. Salajengipun milai tanggal 2 Oktober 1942

Ir. Juanda diangkat dados Menteri Perhubungan Indonesia.

Nalika tanggal 19 Desember 1949 ngleresi Agresi Militer Walandi, Ir Juanda dipuntangkep pamarentah Kolonial Walandi, karimuk supados tumut pamarentah Walandi, nggabung ing Negari Pasundhan. Nanging panjenenganipun nulak.

Wiwit taun 1945 ngantos 1963, Ir. H. Juanda ngasta kalenggahan ingkang kaemban ing antawisipun dados Menteri Mudha sepisan, dados Menteri wongsal wangsul benten kementerian, lajeng Perdana Menteri sepisan. Sadangunipun sejarah Negara Kesatuan Republik Indonesia, inggih namung Ir. H. Juanda ingkang nglenggahi menteri ngantos kaping 14 ing antawisipun Menteri Pekerjaan Umum, Menteri Perhubungan, Menteri Kemakmuran, Menteri Negara, Menteri Komunikasi, Menteri Keuangan, Menteri Pertahanan, Menteri Pertaman ingkang kaemban pungkasan. Wonten setunggal kementerian ingkang kaemban ngantos kaping tiga.

Deklarasi Juanda.

Nalika warsa 1957-1959, Ir.H. Juanda ngasta Perdana Menteri, kaleres tanggal 13 Desember 1957, panjenenganipun mbiiwaraaken dhateng saindenging donya kasebat “**Deklarasi Juanda**” ingkang wosipun mratelakaken bilih kukuban Wilayah Republik Indonesia nyakup kepulauan saha seganten mlebet ing “konvensi hokum laut UNCLOS (Unitet Nasional Convention on Law of the Sea).

Deklarasi Juanda mratelakaken bilih:

- Indonesdia pinangka negari kepulauan gadhah wangun piyambak.

- Kepulauan Nusantara mujudaken setunggaling kesatuan ingkang wetah.
- Tujuan Deklarasi Juanda kangge mujudaken wilayah Negara Kesatuan Repunlik Indonesia.
- Nemtokaken tapel wates laladan Negara Kesatuan Republik Indonesia salaras azas negari kepulauan, kangge keamanan sarta keslametan pelayaran NKRI.

Pangaji-aji.

Ir. H. Juanda Kartawijaya seda nalika 7 Nopember 1963, awit kening gerah serangan Jantung. Kasarekaken ing Taman Makam Pahlawan Kalibata. Pamarentah paring pangaji-aji pinangka Pahlawan Kemerdekaan Nasional, kanthi kekancingan Keputusan Presiden No.244/1963.

Kangge pangendet-enget lelabetanipun dhateng NKRI, asmanipun kalanggengaken pinangka nami lapangan kapal gegana /**Bandara Juanda** ing Sidoarjo, Jawi Wetan,: **Taman Hutan Raya Juanda**” ing Bandung, nami margi ing sawtawis kitha ageng, Musium Juandaing Bandung saha arta pecahan Rp.50.000.

Bandara Juanda.

Kados katur ing ngajeng bandara ing Sidoarjo kanamekaken bandara Juanda kajawi saking gagasanipun Ir.H. Juanda ugi kangge pangaji-aji jasanipun dhateng negari. Bandara ingkang kabangun wiwit warsa 1959 saha karesmekaken tgl 12 Agustus 1964 dening Presiden Ir. Soekarno sakawit karancang pinangka pangkalan gegana TNI-AL. Selaras kaliyan perkembangan jaman warsa 1981 Lanud TNI-AL dipun serahaken dhateng Kementerian Pehubungan kangge penerbangan sipil salebeting negari. Warsa 1984 mindak dados bandara internasional, ingkang sepisanan pesawat njawi negari ingkang ngawontenaken rute dhateng bandara Juanda pesawat Singapura (Singapore Airlines) kaliyan saking Tiongkok (China Sounthern Air). Ing bandara Juanda sakmenika saben dintenipun langkung saking 200 pesawat



Arta pecahan Rp.50,000 mawi fotonipun Ir.H. Juanda



Bandara Juanda ing Sedati. Sudoarjo. (Foto:Ist)

ingkang bidhal. Kapasitas penumpang langkung saking 5 yuta salebetipun setaun. Gadhah terminal tiga, inggih menika terminal domestik, terminal internasional saha terminal cargo/barang.

Taman Hutan Raya Juanda.

Taman Hutan Raya (Tahura) Juanda mapan wonten laladan parden kitha Bandung, ingkang wiyaripun 590 hektar. Ing Tahura Juanda wonten papan-papan wisata ingkang ngelam-elami, kejawi wonten taneman maneka warni ingkang cacah jinisipun langkung saking 2.500 jinis.

Obyek wisata Ing Tahura Juanda ing antawisipun :: **Guwa Walandi**, Ing kebet guwa wonten kamar tahanan ingkang sakmenika taksih saged dipun tingali, wonten kamar “*pengintaian*” kangge ngawasi kawontenan ing njawi, Mlebet guwa Walandi menika kedah mbeta senter, amargi kawontenan ing nglebet peteng.

Guwa Jepang.

Nalika Jepang ngrabasa Indonesia, ugi ndamel guwa pinangka tangsi papan pandhelikan ugi kangge nyimpen senjata saha logistik. Guwa menika gadhah lawang mlebet sekawan saha papan pengawasan (*pengintaian*) kalih enggen. Guwa Jepang dibangun kanthi tenaga *kerja paksa*.

Grojogan (Air terjun)

Senaosa wiyaripun laladan Tahura Juanda namung 590 hektar, nanging wonten grojogan (*air terjun*) cacah tiga, ingkang kasebat curug Dago (12 meter), curug Omas (30 meter) saha curug Lalay (30 meter). Ing curug Lalay wonten guwanipun alam ingkang dados susah lawa.

Ing Tahura Juanda ugi wonten papan ngrepdaaken (*penangkaran*) kidang, lajeng wonten tebing keraton, papan kangge ningali mlethek (mecungul) saha angslupipun surya. Kangge lare-lare kasediyakaken panggenan dolanan (*taman bermain*).

Musium Juanda.

Ing Tahura Juanda ugi wonten museumipun, ingkang nyimpen maneka warni pangaji-aji ingkang katampi Ir.H. Juanda saking salebeting negari ugi saking manca negari, dalah kasimpen medali, wing saking sawatawis negari, sawatawis kewan ingkang dipun awetaken, herbarium saha artepak kuna..

Makaten sejarah lelabetanipun, Ir. H. Juanda pinangka Perdana Menteri ingkang pungkasan (ka 10) ugi Pahlawan Kemerdekaan Nasional. dalah wujud (monument) kangge pangengen-enget tumrap lelabetanipun dhateng negari. Nuwun. (J.F.X. Hoery)



Recanipun Ir.H. Juanda ing Tahura Juanda, Bandung



Pangarsa BBJT Sambang TBM Kinanthi

Baureno, Bojonegoro, 18 Maret 2022. Pangarsa Balai Bahasa Jawa Timur (BBJT), Bapa Dr. Asrif, M.Hum sesarengan *staf* sambang dhateng *Tempat Belajar Milenial (TBM) Kinanthi*, Baureno, Bojonegoro. Inggih menika ing Dinten Jumat siyang ngantos sonten.

Rawuhipun Bapa Asrif, Bu Leli dalasan Pak Aryn menika minangka bagian saking program BBJT. Inggih menika paring *pembinaan* kangge komunitas literasi ingkang

wonteng ing Jawa Timur. Ing adicara menika, rawuh ugi wakilan saking para pegiat literasi ingkang wonten ing Wilayah Kabupaten Bojonegoro. Ing antawisipun Bapa Yonatan Rahardjo sarimbit, (Penerbit Majas Grup), Ibu Denok Ayu Lestari (Sanggar Sumilak Balen), Bapa Slamet Widodo lan Bapa Muhammad Alim (*Kita Belajar Menulis-KBM*) Bojonegoro, ugi Bu Fransiska (guru tari SMPN Baureno).

Adicara ingkang dipungelar wonten ing plataran TBM Kinanthi kasebut dipunkemas

kanthi swasana gayeng ngantos paripurna. Emi Sudarwati, ingkang kagungan TBM Kinanthi ngendikan. Bilih sampun ngundang puluhan pegiat literasi ing Bojonegoro supados kersa rawuh ing adicara kasebut. Nanging pranyata namung sekedhik ingkang saged rawuh. “Inkang lintunipun nyuwun idi dereng saged rawuh, krana maneka kaanan. Mila dereng saged ndherek gabung,” ngendikanipun.

Kak Rubi (Pendongeng Bojonegoro) putranipun ingkang tasik alit nembu ketaman sakit. Mas Agung Ridwan (Perpus Gatda Bojonegoro) wonten undangan panggung ing Jakarta. Dene Bu Umi Kultsum (Sanggar Abimantra) wonten adicara ndherekaken siswanipun lomba.

Salah satunggaling *staf* BBJT, Bu Lely, nalika mbukak adicara paring andharan. Bilih rawuhipun Bapa Asrif lan *staf* BBJT dhateng TBM Kinanthi inggih menika badhe mundhut dhata komunitas literasi ingkang wonten ing Bojonegoro. Mliginipun komunitas ingkang dereng *berbadan hukum*. “Mila wekasanipun menawi boten klintu badhe dipundhut watara sedasa komunitas rumiyin, kangge ndherek bimtek *mengelola komunitas literasi*,” ngendikanipun.

Bu Lely ugi ngendikan, bilih pendhataan menika sampun kalaksanan lumantar daring. Inggih menika kanthi cara ngisi *google formulir* ingkang dipun kintun ing grup-grup WA komunitas. Nanging pranyata kathah komunitas ingkang kewan ngisi *google formulir* kasebut. Salah setunggaling kendhalanipun inggih menika boten saged ngunggah foto. “Mila kanthi mekaten, Bapak Asrif dalasan tim tindak langsung dhateng saben-saben kabupaten. Inggih menika kanthi tujuwan saged mirsani langsung, *komunikasi* langsung lan paring pembinaan langsung marang komunitas-komunitas kasebut,” ngendikanipun.

Bapa Dr. Asrif ing sambutanipun ngendikan, bilih tujuanipun rawuh langsung dhateng TBM Kinanthi inggih badhe mundhut dhata lan milah komunitas literasi ingkang wonten ing Kabupaten Bojonegoro. “Supados rekam jejakipun komunitas kasebut daged dipun *akses* dening sedaya masyarakat ing sakiwatengenipun, ugi masyarakat umum sandonya lumantar medhia online,” ngendikanipun.

Saking asil pendhataan menika, miturut Bapa Asrif, badhe diasilaken tiga kriteria komunitas. Inggih menika komunitas tipe A, tipe B lan tipe C. “Tipe A ingkang paling mapan, sampun *berbadan hukum*, kagungan *rumah baca* lan buku ingkang kathah. Ugi sampun asring ngawontenaken maneka program literasi kangge masyarakat,” ngendikanipun malih. Taksih ngendikanipun Bapa Asrif, tujuan saking pendhataan kasebut kangge metani reruwet ingkang ginubel wonten ing komunitas literasi. “Mila kabijakan utawi program ingkang badhe dipun cakaken dening *Balai Bahasa Jawa Timur* saged trep kalihan ingkang katuju,” ngendikanipun.

Ing adicara kang lumampah kirang langkung tigang jam menika. Ugi dipun jlentrehaken, bilih BBJT badhe ngawontenaken bimbingan lan teknis (Bimtek) kangge komunitas literasi. Ing salebetipun bimtek mangke badhe diparingi seserepan ingkang saged dados pambantu kangge komunitas literasi kasebut. Antawisipun kangge pangajuan Akta Notaris, panyusunan struktur organisasi, dalah damel program literasi.

Sedaya wakil saking komunitas ingkang rawuh ing TBM Kinanthi pikantuk wekdal saged ngajokaken pitakonan lan ngaturaken pepalang napa mawon ingkang asring dipun alami. Para peserta rumaos mongkog sanget, amargi saged pikantuk wangsulun lan *solusi langsung* saking Bapa Asrif, minangka kepala BBJT.

(Emi, Slamet, Alim)

LEGENDHA PUTRI NGERIT

dening: St. Sri Emyani

Dalu menika malem Minggu. Si Kuncung Santosa sampun mantun anggenipun ngerjakaken PR *daring* saking ibu guru Sri Ngatini, inggih punika guru kelas 4 Sekolah Dasar. Amergi, taksih mangsa pandhemi covid 19, pramila pembelajaran sekolah mboten *tatap muka*. Supados mboten ngantos ketularan wabah virus Corona, pemerintah ngawontenaken pembelajaran *daring*.

Si Kuncung ingkang remenanipun tilem kalih eyange Uti, sasampunipun mantun angsalipun sinau, nyaketi eyang Uti nipun. Kados biasanipun, saderenge tilem nyuwun cariyos dedongengan.

“Eyang Uti, eyang Uti...”

“Iya apa Kuncung Santosa putuku..?”

“Kados biasanipun lho Uti.”

“Biasane apa lho putu?” Sejatosisipun Eyang Uti sampun mangertos sedyanipun si putunipun. Ananging, nyobi pitaken rumiyin.

“Inggih kados biasanipun dongengaken saderenge tilem lho Uti?”

“Menawi mboten dipun dongengaken kados kala wingi, kawula inggih mboten purun tilem lho eyang Uti.”

“Engko sabubare didongengake eyang Uti, gek ndang bobok lho ya?”

“Inggih. Inggih. Siaap!” Jawabipun Kuncung Santosa kalih ngrangkul Eyangipun.

“Isih kelingan. Eyangmu Uti wingi ndongeng apa..?”

“Kemutan. Cariyos dumadosipun gunung Orak Arik?”

“Jos. Eyang Uti takon dhisik, sak durunge tak dongengi meneh.”

“Inggih menapa ingkang badhe dipun tangletaken Uti?”

“Gunung Orak Arik iku manggon ana ngendi?”

“Manggen wonten kabupaten Trenggalek Eyang Uti.”

“Bagus. Putuku pancen pinter.” Ngendikan ngaten wau, wanita sepuh rikma pethak niku kalih nyaket, sarwi ngaras palarapanipun ingkang putu kinasih.

“Lha samenika kawula badhe dipun dhongengi menapa malih Eyang Uti?”

“*Legendha Putri Ngerit*”

“Sib. Mangga Uti. Mangga ..” Si Kuncung Santosa nyaket Utinipun, sajak sampun mboten sranta melih. Kepengin cepet mangertosi cariyos legendha Putri Ngerit.

Jaman kerajaan Kediri taksih digdaya. Wonten satunggaling putri ingkang sulistya ing warni. Kejawi sulistya, putri menika uga nggadhahi laku utami. Remen tetulung marang sesami. Mboten namung tetulung dhumateng

para janma menungsa. Kados sato kewan wana ingkang merlokaken, ugi asring kabantu.

Kaelokanipun, para sato wana galak inggih sami mangertosi marang sang Putri ingkang nggadhahi laku utami menika. Sato kewan wana galak, kados: Andhapan, Simo, Gajah ugi Sawyer mboten purun nggendhak sikara marang sang putri ingkang sulistya kanthi budi utami punika. Sami mad-sinamadan.

Wekdal sang putri kesandhung sela, ngantos dhawah kantaka, para kewan sato wana sami nenggoni sang putri, ngantos kantakanipun mantun pulih kados wingi uni. Sasampunipun bali bregas saras, para sato kewan wana menika sami nyisih, nyukani margi sang putri, wangsul lumampah.

Miturut dedongengan, sang Putri ikang ayu jiwa raganipun menika winastan putri Ngerit. Sang Putri mlebet wonten madyaning wana badhe muja semedi, nyuwun anugerahipun Gusti Inggang Akarya Gesang supados ing tembenipun saget sekti mandraguna. Ananging, mboten: adigang adigung adiguna. Sapa sira sapa ingsun. Suci lahir saha batosipun, saget manggihaken sangkan paranipun dumados.

Sacelakipun putri Ngerit tapa, wonten wilayah ingkang winastan kademangan Sendhen. Dene ingkang nyepeng panguwasanipun kademangan Sendhen, inggih punika ingkang paringg asma ki Demang Tangar. Ki Demang wekdal punika nembe mlampah-mlampah dhateng wana ingkang taksih lumebet wewengkon bumi Sendhen ngriku. Wekdal lumampah, wonten semiliring samirana, granaipun sang Demang mambet sembribit ganda sekar ingkang mangambar arum.

Ki Demang Tanggar sigra ngupadi punjeripun ganda arum mangambar menika. Pranyata ganda arum menika saking madyanin guwa. Ki Demang sigra mlebet madyaning guwa. Wonten salebetin guwa mriku pirsu wonten putri ingkang nembe tapa.

Ki Demang mbadharaken tapanipun sang Putri.

“Sinten inggih kumawantun mbadharaken tapa ningsun ki sanak?” Pitakenipun sang Putri.

“Lepat nyuwun pangapura sang mara tapa.” Jawabipun ki Demang.

“Inggih kula ngapunten. Bacut, panjenengan menika sinten?”

“Jenengku Ki Tangar. Demang tlatah Sendhen kene. Panjenengan putri saka ngendi, lha kok tapa ana ing tlatah bumi Sendhen?” Pitakene ki Demang, kebak perbawa.

“Inggang sudi mastani nami kawula Putri Ngerit. Tebih saking kitha raja Kediri.”

“O o saka kutha raja Kediri ya sang putri.”

“Inggih ki Demang.”

Ngawuningani: sulistya, tata basa dalah trampilaning sang Putri Ngerit menika. Wonten ing telengipun manah ki Demang Tangar menawi sang Putri Ngerit kersa, kepingin kapalakrama.

“Nuwun sewu Putri Ngerit.”

“Inggih wonten ngendika ingkang ngadhawuh ki Demang”

“Kepriye ya menawa ngene..?”

“Kados pundi ki Demang?”

“Ana ing bumi tlatah Sendhen kene ora sethithik para wanodya. Ananging, durung ana sawiji bae kenya kang sajak nuju prana. Mulane tekan titi wanci iki ku durung nyambut silaning akrami.”

“Lajeng ki Demang..?”

“Nembe ketemu iki, kok aku ngrasa kepranan banget ta Putri Ngerit.”

“Lajeng..?” Sang Putri pitaken.

“Menawa ora kabotan, sang Putri arap ndak ajak menyang ing bumi Sendhen. Dak ajak palakrama, minangka jatukramaku.”

Putri Ngerit taksih amem. Dereng nyukani wangsulan.

Saking pang uwit Trembesi, wonten peksi Puter setri manggung. “Wek wek kethekurr...!” Mboten dangu melih, peksi Puter jaler dugi saking uwit Nagasari. “Wek kethekur..!” Manggung nganter cecaketan. Nambahi asrinipun swasana wonten karang pareden.

“Kepriye Putri Ngerit?” Wangsul ki Demang Tangar pitaken.

“Ki Demang.”

“Iya. Kepriye, gelem ta Putri Ngerit?”

“Kawula purun kapalakrama. Ananging...”

“Ananging kepriye Putri?”

“Ananging, wonten bebanipun.”

“Apa bebanane?”

“Panjenengan kedah saget mbangunaken taman wonten guwa menika.”

“Taman ana ing guwa kene?”

“Inggih, makaten. Taman asri wonten guwa ngriki.”

“Arep kok gawe apa taman asri ana ing guwa kene Putri Ngerit?”

“Badhe kawula damel tapa rumiyin ki Demang.”

Ki Demang Tangar mujudaken priya sakti ugi. Mboten dangu taman wonten ing guwa menika saget kabangun. Namung sedalu, taman guwa ingkang asri mranani sampun dados. Taman menika endah mranani nurani. Amergi, kebak pepasren maneka warni sesekaran. Sekar menapa mawon wonten. Menawi ngepasi wonten semiliripun samirana taman guwa menika mangambar arum.

Sejatosipun bebana ndamel taman menika, namung damel ngulur wekdal. Nulak alus, panyuwunipun palakrama ki Demang. Amergi, sang Putri Ngerit taksih kepingin nerusaken angenipun tapa. Ingkang tapanipun wau, sampun kaganggu kajugaraken dening ki Demang. Dereng badhe badhar angenipun tapa, menawi dereng ngantos angsal wisik nugraha

saking Gusti Ingkang Akarya Gesang.

Sasampunipun dados anggenipun damelaken taman guwa ki Demang, sang Putri Ngerit wangsul tapa.

Anehipun, sareng sampun tapa wonten lebetipun guwa melih, sang Putri Ngerit musna saraganipun. Ngawuningani menawi sang putri musna, ki Demang ingih wangsul dhateng tlatah bumi Sendhen melih.

Damel ngenget-enget prastawa menika, guwa ingkang manggen wonten tlatah bumi Sendhen menika winastan Guwa Ngerit. Nami niku, lestari ngantos dinten samenika.

“Boten tamtu nikah Putri Ngerit kalih ki Demang Tangar inggih Uti?”

“Ora.”

“Lha kok mboten tamtu nikah Uti?” Si Kuncung ingkang nggadhahi pikir encer menika, nguber pitaken.

“Gusti durung njodhohake, putu.”

“Inggih”

“Ketemune: jodho, rejeki lan pesthi iku ana ing panguwasane Illahi, putu.”

“Ngoten inggih Uti?”

“Iya putu.”

“Huaawwwhh...!”

“Ojok amba-amba olehe angop putu. Engko tutuke, malah dileboni nyamuk. Wis ngantuk. Gek ndang bobok. Sesuk bengi disambung meneh dedongengane ya..?”

“Inggih Uti. Sembah nuwun.”

Mboten ngantos dangu, si Kuncung sampun senggur-senggur. Tilem angler. Gantos gegojekan kalih impen dalu. Nuwun.

Panggul-Trenggalek, 20012022

AMBYAR

Dening: Eni Siti Nurhayati

“Tenane? Kancane dhewe jik ana sing mbujang ngantek yahmene mangsane? Uga ana sing wis ndhudha barang? Dadine status kaya aku ngene iki akeh kancane?” olehku jawab sinambi ndhukurna pangucap. Aku nggumun uga kaget ngrungokna omongane kanca lawas ing walike telpon. Bayangna ae, umurku sakanca wis kliwat wayah nek diarani jik enom. Wong lulus kuliyah wis ana sepuluh taunan! Aku dhewe ya wis nglakoni panguripan sing legi, asin, kecut, paite takrasakna kabeh. Cinampur dadi siji kawusanane. Mblutheng banget rasane! Iku alasane aku manut ae nalika diytawani gabung nang grup jaman sekolah. Siji nggo nyambung silaturahmi, kapindho dinggo ngguwak sebel amarga sepi!

“Jik telu kanca jaman SMP sing jaka thong-thong, dhudhane ana papat. Nek kanca SMA malah jik nduweni koleksi jaka lima lan dhudha enem.”

Wis lumrah, ya ... kekancan raket iku tibake gak ambek kanca mangsa kuliyah. Nalika wiwit usum grup-grupan ngetutna kemajuwane gawai, sing rumaket nyemedulur malah kanca

mangsa cilikan. SMP, SMA, ... pol. Kok SD gak katut? Mbuh ya, seprene aku gak ana sing ngejaki nggawe grup SD. Apa merga omahe cidhek-cidhekan utawa gak ana crita sing melo tah gogroge waru abang, dadine aku lan kanca SD kaya gak butuh nge-grup. Hla piye, sakumurku ngene kanca SD wis dadi abang ijone pawongan sakdesa sasate. Kabeh kedhudhukan penting ing desa akeh-akehe dicekel kanca-kanca SD-kumau.

“Gak enak nggawe grup SD. Salah-salah dipendel bojone dhewe-dhewe nek jagongane keladuk. Hla wong omahe ya sandhing ae,” ngunu argumenne Sarno, mantan ketua kelasku mbiyen. Iya, wis,... akur!

Hla tiba grup SMP lan SMA iki sing biyuuhhh, sakjeg aku ngeloki taksawang kok ya ana ae sing dibahas. Akeh-akehe ya ngelingi mangsa sekolah mbiyen. Liyane iku ya ngobrol ngalor ngidul engga bacut ndudahi bothekane ati lawase dhewe-dhewe.

“Aku mbiyen asline ngesir awakmu, lho, En. Ning jaim-mu pol. Mulakna aku ya wedi lan mundur teratur. Ealah tibake saikine awakmu hla kok statuse *single parent*!”

Hla undherane critaku menggok nang ukarane kancaku sing klebu ing jagongan grup njur nguber pangomong ingjaprian!

Owalah, mendahneya panguripan isa taksetel kaya jam tembok, gak ngarah aku nibakna pilihan dadi wong tuwek ngopeni anak dhewekan. Wis gak apik nek aku ya ndhudhah bothekan sesomahanku sing kuncine lawange atiku wis keli katut banjire tresnane babon liya. Putus. Cuthel. Aku pilih bali ing desa klairanku saka punthuke ibukota, bacut ceker-ceker ing bumi wutah getihku.

Mulakna gak aeng uga gak nggumun nek aku ya jik kawit ae isa ngegrup mbek kanca-kanca lawasku mau, dulur! Longgar, wektuku ya akeh lodhange, mulakna aku ya malih isa unjal ing sakehing grup sing takeloki saikine.

“Sing wis nibakna pangucap tresna nang awakmu sapa ae, En? Mesthi ana! Jok ngalingi!”

Hahaha, pitakon saka kanca kenthelku nalika SMP iku agawe aku kaya mbalik jaman enom kae. Ya, jaman sekolah Mbak laksmi iki sakliyanane kanca sakbangku uga

mentorku pribadhi. Gak takowahi seprene nalika aku isa sesambungan maneh liwat gawai.

“Si Rama mbek si Udin japri aku jarene wis menehi sinyal-sinyal piye ngunu, ning gung mbok respon. Ceketan diwenahi lampu ijo, ta lah!”

Gak mek Rama lan Udin, isih ana telu tah papat kanca lawas kanthi ksatriya nothok lawange atiku sing udakara telung taunan takkunci rapet!

“Ayo, ta dijawab. Suk nek riyaya takparani nang omahmu lho awakmu nek njegidheg main rahasia-rahasiaan!”

Wadduuhh, wong masalah ati iku paling riskan nek diomong. Iya nek tiba dadi lan jodhone? Nek gak? Wong aku ya jik menikmati kinupeng para jaka lapuk kanca sekolah mbiyen, kok!

“Aku dudu gak gelem njawab, Mbak. Durung isa nek saiki-saiki mesthekna aku siyap cedhek karo sapa. Wis ta lah, enteni ae. Tur aku ya sajak gak kepenak nek nibakna pilihan nang siji lan ngedoh saka sijine. Wedi diomong kanca sakangkatan!”

“Halah, gak usah mikiri ngunu iku. Elinga, randha koleksine angkatane dhewe gak mek awakmu thok. Saiki ae jik tas nge-grup dadine awakmu kaya bintang utama sinetron. Wong sakjane arek-arek iku ya milang-miling mbandhing-mbandhingna, kok!”

A m b y a r w i s n e k Mbakyuku siji iki ngetokna jurus pamungkase ngunu iku!

Gak heran gak nggumun. Kanca-kancaku kabeh jik nyawang aku persis kaya jaman sekolah mbiyen. Tenan iki, aku mbiyen pancen kawentar ayu lan pinter dhewe saksekolahan. Lulusan *the best!* Kuliyahku uga entuk beasiswa mulai mlebu engga metu. Mantan bojoku uga pawongan pinilih saka puluhan calon nalika ing bangku kuliyah. Nanging sapa isa ngenggokna takdir? Panguripan mapan, penggaweyan maton, keduwekan pepeke jangkep, ... isih uga janakaku kebandang wong liya!

Panguripanku sing wis tumata njungkir nang angka nol saknalika. Akune dhewe emoh nglakoni penajajaran ati. Aku pilih tempur sakkuwate engga bebas mardika!

“Arek-arek gak ngerti aku sing saiki, Mbak. Adoh banget bedane. Aku wis gak kaya mbiyen!” Alon-alon taktata pangomonganku ben gak kemata piye ngunu.

“Sawangen tah jagongane neng grup. Aku jik kaya artise sekolahan. Aku saiki gak nggondheli pinter thok kanggo urip. Pinter neng pelajaran malah dinggo senjata nembak aku sing lugu lan gak isa ngetutna ombyake panguripan sosial.”

M b a k L a k s m i

takrungokna kresuhan, kala-kala ambegan landhung nalika lambeku tanpa isa takcegahi nyiritakna piye mula bukane urip sesomahanku isa rusak ambyar.

“Aku diarani jadul, Mbak. Kuper. Uga aku gak isa ngetutna jangkahe bojoku. Aku ...kalah pamor mbek kanca sinarawedine bojoku. Aku ngalami KDRT batin tanpa isa taksingkrihi. Aku saiki minder. Pol minderku!”

“Wis ta lah sing uwis, ya uwis. Ayo bangkit maneh. Gak kabeh wong lanang ngunu pethithete. Apa maneh adhewe wis mangerteni watak wantune kanca-kanca sing jik mbujang tah sing ndhudha. Pokoke pilih siji wis, engko aku sing nglantarna. Jk kuwatir, masiya wurung gak ngarah dha lara ati liyane!”

Wong urip iku ngaca ka pengalaman. Akune dhewe sing wis nduweni kaya siji gegayutan wong lanang, sethithik akeh sapa ae sing nyedhek nang aku ya takpasna mbek bayangan lawas kanthi maneka sifat sing diduweni. Iku sing nggarakna aku rongarangu saben arep mbales ngakrabi salah sijine kanca.

“Siji sing kudu mbokutamakna nek milih pasangan anyar. Dheweke genahe kudu sayang nang anak-anakmu!”

Hla, ya iki sing ngrendheti lakune atiku. Nek mek nresnani aku, palingan sapa ae

pawongna lanang isa menehi satus persen tresnane. Nanging tiba nang anakku, piye? Padhahal anakku gak mek siji. Loro!

Masiya anak loro mau gak ngarah ngerepoti bapak anyar, wong aku ya nduweni penggaweyan maton, ning tresnane nang bakal anak kudune rak ya takuji dhisik nek ngunu?

Telpon saka Yogya nggograkna pangangenku, nyuthel sakehing rantaman sajroning atiku. Gendhuk mbarepku lara ing asramane! Wis ta lah, tanpa mikir dawa aku mlayu budhal nguber bis bengi sing ngliwati kuthaku.

Ealah, wong pancen lelungan iku sing numpak bis awake, pikiraku kok ya mlayuuu metu ae. Akhire isaku mek mikir ngalor ngidul sakpethuke.

Mbuh kok aku akhire ndhuweni pikiran ngetes para penggemarku ing tanah klairanku. Sapa ngerti saka asile tes iki aku isa mesthekna paraga anyar sing siyap taklebokna sajroning atiku. Cihuyyy!

Tanpa mikir dawa drijiku nggawe ukara ing japrian.

“Mas, bengi iki aku budhal nang Yogya. Anakku lara lan opname ing rumah sakit. Saiki rak tanggal 25, aku kuwatir dhuwik ing ATM-ku gak cukup taknggo mbayar biyayane. Saumpama aku nyelang dhuwik thithike

rongjuta akehe limang juta saged napa mboten? Insyallah gajian taksaure.”

Bar ngunu takkirim nang pawongan wolu sing tansah prasetya ngirimi gambar waru saben dinane. Bayangna!

Kanthi ngelingi wateke nalika jaman sekolah, aku mbayangna nek Rama mesthi njawab ngene, “Ajaa rong ewu ngantek limang ewu, mboksepuluh ewu takonoki!” Rama si bos cilik sing senengane nraktir kanca-kancane, putrane miliuner kecamatankujare!

Beda mbek si Udin. Aku mbedhek ngene jawabane, “Insyallah takonoki, butuhmu sakmono ya setengahe ae, ya? Aku iki wiraswasta cilik, tur”

Aku eling kanthi temenanane nek Udin iki, mas bendhahara sekolah, bocahe paling tliti nang samubarang. Katelah si raja medhit nalika semono. Nek nyusuki slawe tah seket angele pol. Nek punjul ya langsung dianggep sadakah nang kase kelas. Jiannn..., kok!

Liyane gak usah takkira-kira maneh. Wong ana sing dadi juragan mebel, ana sing nduwe bengkel kesuwur, ana sing peternak gedhe, ana sing ..., stop! Kok ya kaya njagakna endhoge blorok dadine, iya nek iya!

Siji balesan cepet saka Ardi.

“Waduh, sepurane sing

akeh, ya, En. Jik tas ae aku nransferi adhikku sing lagi kenek masalah.” Aku maklumi. Jik siji iki, gak pa pa. Liyane jik akeh sing isa takenteni jawabane piye kewetune!

“Biyyuu h, kok ya kepancal sepur pesenmu iki. Aku bar ndhuwiki kiriman barang saka Jepara.” Loro!

Katelu kapapat, ... engga kari si Rama sing gung njedhul jawabane.

Pas bisku arep mandheg Njanti, ana pesen pungkasan jumedhul.

“Jok kuwatir, ya, En. Masiya aku gak nduwe dhuwik dinane iki, aku engko takmatur ibukku, ngerti se, dhuwikku iku wiwit buku rekening engga ATM-e dicekel ibukku. Eh, sapa ngerti awakmu isa disilihi. Wong mek nyilih semingguan, se?”

Tenan, se, pandugaku? Iki jik mek wolu njawabe seragam, gak ana sing nduwe dhuwik. Bener jarene adhikku. “Kanca-kancane sampeyan dha nyedhek iku soale ngerti nek sampeyan isa golek dhuwik dhewe. jajal sampeyan pengangguran, ya wegah nyedheki randha. Prawan gak kurang!”

Wong lanang iku beda rupa ning nek dibetheti jebule ya padha ae pethithete! Ambyar tenan pangangenku arep nibakna tresna nang salah sijine kanca lawasku.

Cuthel



Halusinasi

DENING : KELIEK S.W.

MINGGU esuk.
Praupane Kusbini
sajak piye ngono.
Patrape uga nganeh-anehi. Kaya
wong bingung. Coba sawangen!
Saka njero omah, dheweke metu
menyang teras, tolah-toleh
nyawang kiwa-tengen. Embuh
apa sing dipikir utawa digoleki.

Saiki Kusbini jumangkah
menyang pinggir ratan,
panyawange tetep pendirangan.
Let sedhela Kusbini wis
kluntrung-kluntrung mlebu omah.
Lungguh sleneg ing kursi ruwang
tamu, sendhen, karo unjal napas.
Jian, patrape Kusbini nganeh-
anehi tenan. Prapti mecungul ing
ruwang tamu, nyawisake wedang
kopi lan gedhang goreng.

Biyasane, Kusbini langsung
nyandhak cangkire lan nyakot
gedhang goreng sing cumawis ing
ngarepe karo ngucap, "Wah,
mantep tenan! Joss gandhos
kotos-kotos pokoke!"

Nanging pocapan ngono
kuwi mung kelakon dhek wingi
lan dina-dina sadurunge. Esuk iki
seje. Kusbini mung mentheleng
nyawang ngarep. Kaya ora duwe
greget, kaya ora ngreken Prapti,
kaya ora mbutuhke gedhang
goreng lan wedang kopi.

"Mas," Prapti ngucap alus.

Kusbini meneng wae.

"Mas," sepisan maneh Prapti
nyuwara. Tetep alus nanging
luwih seru.

Kusbini panggah ora
nanggapi.

"Panjenengan ki keneng apa
ta, Mas?!"

Kusbini nggragap. Nalika
ngucap, suwarane groyok, "Eh,
anu. Sliramu takon apa? Loh, lha
wedang kopine endi? Mongsok
nganti yahmene sliramu kok
durung ngecam kopi?"

Prapti mesem, senadyan
batine mangkel. Patrape Kusbini
pancen nganeh-anehi tenan. Bab
kuwi njalari Prapti duwe panduga
neka-neka. Aja-aja Kusbini
jiwane owah? Ah, amit-amit aja
nganti.

Kanthi sareh, Prapti njupuk
cangkir sak lepeke saka meja,
diulungake bojone. Sawise
Kusbini nyruput kopine, Prapti
banjur mbaleni pitakone.
Ewadene Kusbini gedheg-
gedheg.

"Ora. Aku ora papa, kok,"
Kusbini selak.

"Panjenengan ketok goreh.
Ketok nek ora jenjem. Mbok
blaka wae ta, Mas," Prapti ngatag.

"Ora, aku ora papa. Aku
biyasa wae," Kusbini tetep ora
gelem ngaku. Banjur ngalihake
rembug, "Anu, Hendra menyang

ngendi, apa jik mbangkong? Huh,
dupeh dina Minggu. Bocah kok
kesete nemen!"

Prapti ora nanggapi. Batine
saya mangkel. Ketimbang
rembugan selegenje, ora
sambung, luwih becik
ngrampungke gaweyan mburi.

"Pak! Bapak! Ten ngrika
wau kula sumerap tiyang setri,
empun sepuh, ketingale bingung!
Kula tangleti badhe teng pundi,
ee... lha kok mboten purun
wangsulan."

Sing ngucap nganggo basa
krama kuwi Hendra; ujug-ujug
wae maksluthu mlebu ruwang
tamu.

Kusbini nggragap. Dheweke
mung ndlongop. Arep nanggapi
kandhane Hendra rasane kok
angel. Lambene kaku, ilate kaya
bundhel.

Hendra lungguh ing sisihe
Kusbini. Anak lanang ontang-
anting sing dikira isih turu
mbangkong kuwi lagi mulih saka
dolan.

"Ndra, critamu balenana.
Ben cetha piye genahe!" sidane
Kusbini bisa nyuwara.

Hendra banjur mbaleni
critane lan Kusbini nggatekake.

"Mesakne nggih, Pak,"

suwarane Hendra ngemu rasa welas. Hendra banjur grenengan dhewe, "Gek wong wedok kuwi omahe ngendi, ya? Nek kesasar njur ora isa mulih lak ya piye. Apike apa lapur polisi wae ya?"

"Hih, ora usah!" Kusbini menging.

"Lho?!" Hendra mlenggong.

"Wong durung jelas masalahe kok lapur polisi," Kusbini menehi alesan lan Hendra sajake bisa nampa.

Hendra banjur menyang saka lungguhe, nguntrung menyang mburi. Lamat-lamat Kusbini krungu, Hendra nyritakake prekara wadon tuwa sing diweruhi mau marangibune.

Saiki Kusbini mbaleni nyurut kopine kanggo ngilangi gorenging ati. Nanging tanpa guna. Atine panggah krasa ora kepenak, pikirane tetep nglambrang ora genah juntrunge. Sing tansah kumlebat ing ngarep mripate ora liya kejaba wanita sing sajak mbingungi. Mloka-mlaku karo tolah-toleh. Embuh wanita kuwi sapa. Kusbini ora kenal lan sadurunge ya ora tau weruh. Memper wanita sing dicritakne Hendra mau. Ah, ora. Wanita sing kumlebat ing ngarep mripate mau ketoke isih enom. Rambute dawa, diore ngrembyak. Ah, ah, ora. Kleru! Wanita sing kumlebat ing penyawange ora klebu enom lan rambute ora diore ngrembyak. Wanita kuwi kudhungan. Nanginggo hijab.

Apa ya ngono gegambarane wanita nyalawadi kuwi? Embuh! Embuh! Kusbini bingung kepriye anggane kudu nyritakake. Kusbini ora patiya yakin karo penyawange dhewe.

Kok olehe kebeneran, nalika Kusbini lagi nggagas wanita sing kumlebat ing ngarep mripat,

Hendra sing lagi dolan kok ya weruh wanita nganeh-anehi.

Kusbini nggagas, lelakon iki nyata tenan apa mung gegambarane kang muncul jroning angan-angan? Senadyan pitakon kuwi prasaja, nanging wangsulane ora gampang. Kusbini nyoba ngeling-eling praupane wanita sing kumlebat ing ngarep mripat mau, dicocogne karo kanca-kancane dhek jaman isih sekolah biyen. Dicocogne uga karo wanita-wanita ing lingkungan pabrik kertas papane nyambut gawe. Dicocogne maneh karo wanita-wanita kenalan sing adoh papan dununge. Nanging siji wae ora ana sing memper, apa maneh pleg. Ya mesthi wae. Eling-eling Kusbini ya ora pati genah kepriye praupane wanita nyalawadi mau.

Dhadhane Kusbini krasa seseg. Batine kesiksa. Dheweke kepengin mangerteni sapa sejatine wanita mau lan masalah apa sing lagi diadhepi. Yen bisa, Kusbini kepengin tetulung, ngentheng-ngenthengake sesanggan sing sumampir ing pundhake wanita kuwi.

"Mas, sarapan sik. Aja mung ngalamun wae!"

Sing ngucap ngono kuwi Prapti. Kusbini ora jawab, nanging age-age menyang lan jumangkah menyang mburi. Prentahe Prapti dituruti. Sarapan bareng karo anak lan bojo ing dina Minggu. Nylimur gorenging ati jalaran dibayang-bayangi saweneh wanita sing ora genah asal-usule, absurd, ora mulih nalar, kaya crita sinetron misteri ing televisi.

Hendra wis ora tau crita ngenani wanita tuwa sing diweruhi ana ndalan dhek kapan

kae. Mbokmenawa Hendra wis lali. Utawa pancen sengaja ora ngeling-eling, pamrihe supaya ora ngganggu pikiran. Nyatane sawise kuwi ora ana kedadeyan apa-apa. Ora ana kabar gethok-tular ngenani wanita bingung, kesasar nganti ora bisa mulih. Ora ana.

Hendra bali kaya adate. Wayah esuk wis tangi, banjur sholat subuh, adus, salin klambi sragam, sarapan, lan budhal sekolah numpak sepedhah federal.

Mulih sekolah, sawise salin sandhangan lan maem awan, Hendra kulina nggarap PR. Yen ora turu awan, Hendra ya seneng dolan senadyan mung cedhak-cedhakan wae lan ya mung sedhela. Wayah bengi sawise magrib, dheweke sinau sedhela. Utawa maca majalah minggon. Utawa maca buku-buku crita koleksine Kusbini.

Seje karo Hendra, Kusbini tansah kepikiran wanita nylenah sing nate kumlebat ing ngarep mripate. Rumangsane Kusbini, wanita kuwi sajak nagih janji marang dheweke. Utawa ngelingake dheweke marang saweneh lelakon kepungkur. Janji apa, lelakon apa, Kusbini ora ngerti. Dheweke ora rumangsa nate janji, uga ora nate tumindak piya-piye marang saweneh wanita. Geneya dheweke sing kudu diuber-uber, dijaluki tanggungjawab?

Kusbini bingung, judheg, trataban, ketar-ketir. Sewu rasa campur dadi siji. Dhadhane Kusbini krasa seseg, arep ambegan rasane angel. Kusbini sambat, ngrintih, jeli-jeli. Kabeh mau mung jroning batin, ora nganti kawetu ing lesan. Karepe Kusbini, prekara kuwi

arep disidhem wae. Paribasan suket-godhong aja nganti krungu. Nanging saya diempet, batine saya kesiksa.

Kegawa saka ora kuwat ngampet panandhange batin, wusana Kusbini blaka marang Prapti. Pas wayah bengi, pas ana njero kamar, pas mung wong loro. Hendra wis turu ing kamare dhewe. Wanita misterius sing tansah kumlebat ing ngarep mripate kuwi dicritakake marang Prapti.

"Sakjane wanita kuwi sapa ta, Mas?" Prapti nlesih.

"Aku ora ngerti," cekak wangsulane Kusbini.

"Mbok blaka wae."

"Blaka piye, wong aku dhewe ya bingung!"

"Kok aneh?"

"Pancen aneh."

"Wanita kuwi wis sepuh?"

"Ora genah."

"Enom endi karo aku?"

"Aku ora ngerti, mula ya ora bisa ngira-ira pira umure."

"Wong mesthi ayu. Iya, ta?!"

"Aku ra isa njawab."

"Ditakoni kok jawabe mbulet!"

"Aku aja dipadoni. Aku pancen ora bisa mangsuli pitakonmu. Sing bisa dakcritakne ya mung sing dakweruhi."

Prapti meneng. Dheweke bisa gawe dudutan yen Kusbini wis crita apa eneke. Jujur. Ora dikurangi lan ya ora ditambah-tambahi. Prapti banjur nyimpulake yen lelakon sing dialami Kusbini dudu prastawa sabaene. Mesthi ana hubungane karo perkara psikologis. Oh iya! Maknyuutttt, Prapti ujug-ujug kelingan yen bojone kuwi rekene

saweneh pengarang, senadyan ora kondhang. Pengarang kuwi kalebu golongan seniman.

Manut crita gethok-tular seniman kuwi terkadhang duwe gagasan nganeh-anehi. Kelakuwane iya nganeh-anehi, luwih-luwih yen dheweke ora bisa nyuntak gagasane mau. Batine brontak, wusana dadi penyakit. Ujug-ujug Prapti eling, rekene wis pirang-pirang taun Kusbini nyisih saka pasrawungan karo kanca-kanca seniman, bot-bote nglabuhi bale somah amrih kendhile ora nggoling. Apa ya perkara Kuwi sing njalari kelakuwane Kusbini kaya wong ora waras?

Kusbini njenger krungu ucape Prapti sing nglawer dawa kaya ula. Kusbini kaya ora percaya yen sing nggacros kuwi bojone. Gek rembuge seje karo sing uwis-uwis.

"Pengarang kuwi kuwajibane nulis gawe karangan. Yen wis ora gelem ngarang, arane pensiunan pengarang utawa mantan pengarang. Lucu lan tundhone bakal digeguyu liyan yen ana mantan pengarang kok isih ngaku pengarang."

Ngono kandhane Prapti, banjur disambung, "Yen ana mantan pengarang nanging ngaku pengarang, wong kuwi mesthi lara. Jiwane ora sehat, bisa-bisa malah wis edan utawa gendheng. Wong sing jiwane ora sehat, adhakan penyawange ya ora awas. Tuladhane: ora ana wong kemliwer kok jare weruh wong kemliwer. Ana masalah sepele sing mayar solusine, ee...lha kok dipikir dawa nganti sirahe kliyeng-kliyeng."

"Eh, sliramu ki omong apa?"

"Omong prekara panjenengan!" Prapti wangsulan thok-lek. "Rungokna, Mas. Panjenengan ki sakjane ora sehat, jiwamu lara merga kasenanganmu ngarang ora bisa keturutan. Jiwa panjenengan kaya dikunjara, njur brontak. Yen kebacut, kahanane bisa luwih parah. Bisa ngengleng. Ngengleng kuwi luwih parah ketimbang gendheng utawa edan."

Kusbini mlenggong.

"Mula saka kuwi, prayogane panjenengan wiwit nulis maneh. Ben jiwamu sehat. Aja mung nggethu nyambut gawe olah fisik ngendelake otot betheke mung nguber dhuwit mburu bandha. Nek nganti kebacut lara tenan, nganti ngengleng tenan, dhuwit lan bandhamu ora cukup kanggo mertamba nganti waras maneh kaya mau-maune. Wis ta, ngandela kandhaku. Wiwit sesuk panjenengan dakwenahi kebebasan nulis maneh...."

Kusbini mung meneng wae. Ora mbantah ninging ya ora langsung percaya.

Kusbini angluh. Dheweke nglenggana. Pancen wis suwe banget ora nulis. Embuh wis pirang taun. Nek mung limang taun wae kira-kira luwih. Saktenane Kusbini ya kangen nulis maneh, nanging rasane kok cegeh. Driji-driji tangane rasane wis kaku kanggo nutuli hurup-hurup ing keyboard laptope. Mripate uga krasa blereng yen nyawang layar monitor. Kuwi dhek wingi. Saiki Kusbini jenggelak ngadeg. Sakehe rasa males disisihake. Bismillah, niat ingsun nulis maneh. (*)

Kertosono, 2021

P E S E N

Dening: St. Sri Emyani

“Putraku ngger Siwi Pinuji”

“Inggih dospundi Bapa Bodronoyo dipun keparengaken ta kawula..?”

“Wis ta ngger putraku Cah Bagus, awakmu ora usah was sumelang marang pakaryane bapa iki. Mbecak dudu pakaryan ina kok. Kejaba oleh sembulih, senjata kurang murwat. Hananging, jiwa bisa gumbira. Raga uga sehat sentosa. Kejaba iku sithik akeh, uga bisa melu asung tetulung marang para sanak kadang kang mbutuhake jasa ngeterake. Dene masalah perongkosan, ya sapalilahe bae.”

“Inggih sembah nuwun. Menika, sae sanget. Pantes tinulad dening para mudha Bapa. Ananging, keng Rama sampun sepah. Gantos kawula ingkang badhe nyobi pakaryan mbecak. Idhep-idhep, nyobi kadospundi awratipun ngayahi pakaryan ingkang sinandhang Bapa selami menika. Kalih melih, bangku perkuliyahan inggih nembe liburan. Wekdal libur, kalih nengga pengumuman kelulusan. Sinambi kalanipun sepi, Kawula kok kepingin nyobi nggantosi ngraosaken pakaryaipun mbecak keng bapa lampahi menika.”

“Putraku ngger Siwi Pinuji.”

“Inggih kadospundi Bapa?”

“Bapamu Bodro, banget bombong nduwe putra kang kaya sampeyan kuwi. Ora isin, Ngawuningani wong tuwane hamung nduweni pakaryan

mbecak. Hananging, putraku Cah Bagus...?”

“Kados pundi Bapa?”

“Aku dalah suwargi Ibumu. Ora kepingin, mbesuk ana ing tembe putraku kang mung ontang-anting iku kaya wong tuwane kang pakaryane hamung..?”

“Mbecak?”

“Iya ngger putraku.”

“Bapa Bodronoyo.” Kalih ngutahaken suwanten, Priya mudha pidegsa menika ngrangkul keng rama asih. Wonten waspa dhumawah saking lingiring netra sepuh. Grimis riwis-riwis saking saring langit dhumawah wonten bumi sepi.

“Ngger putraku...” Sasampunipun radi uwal saking rangkulanipun keng putra ya Siwi Pinuji. Priya sepuh, rikma seta menika ngedalaken suwanten aris. Merbawani.

“Inggih. Kula angsal nggantosi pakaryanipun mbecak keng Bapa?”

“Aku wedi karo pesenan.”

“Sinten ingkang pesen. Menapa ingkang dipun pesenaken keng Bapa?” Priya pidegsa ngutahaken swanten pitaken.

“Karo swargi Ibumu Retno Pinesthi” Wangsul saking lingiring soca sepuh wonten waspa dhumawah”

“Bapa muwun?”

“Ora, ora ngger putraku.” Priya sepuh menika

sajak nyingitaken sesanggeman.

“Ya amung bali gumawang. Suwargi Ibumu kang rumangsaku isih durung nate ndak senengake lan mulyakake ana alam kadonyan”

“Nyuwun pangaksami menawi kawula, sampun ndamel gela dalah kuciwanipun keng rama.”

“Ora. Aku ora cuwa lan ora kuciwa. Malah aku bombong nduwe putra kang utama kaya putraku iki, kang nunggak semi marang ibumu Retno Pinesthi. Rata-rata bocah saiki?”

“Inggih sembah nuwun. Ibu kula kagungan pribadhi pinuji inggih Rama?”

“Iya Ibumu kejaba sulistya pasuryane uga utama jiwane ngger.”

“Ngoten inggih Bapa”

“Hiya.” Ngutahaken suwanten ngoten menika wau, priya sepuh menika kalih manthuk. Sarujuk.

“Oh inggih...”

“Apa meneh ngger putraku?”

“Rata-rata lare samenika, ingkang badhe dipun ngendikakaken keng Bapa wau lho. Kados pundi..?”

“Bocah-bacah saiki, rata-rata nyuwune pakaryan, yaiku; pakaryan kang uwah lan gagah. Isin marang makarya mbecak, kaya pakaryane Bapamu iki. Kamangka..?”

“Kamangka kadospundi keng Bapa?”

“Menurut suwargi Ibumu, pakaryan apa bae kang baku ora ngrugekne liyan. Syukur bage, menawa bisa awèh tetulung marang sapadha-padha iku mono mujudake pakaryan kang tama.”

“Inggih Bapa. Kawula sarujuk menika. Angsal arta kathah, menawi mboten barokah. Inggih wusananipun dados dredah. Samenika kathah pejabat ingkang mendhet hak-hakipun para kawula alit. Menika kawula kinten inggih kirang prayoga.”

“Syukur mangayubagya, menawa putraku isih mundhi dhawuh pinisepuh kang utama.”

“Inggih Bapa. Wonten Ngayogyakarta kawula kuliah mendhet jurusan seni tradhisi kabudayan jawi. Ngapunten wonten mrika kawula kalih kanca, ugi sinambi makarya”

“Pakaryan apa kang mbok emban?”

“Kalih rencang-rencang sesarengan mbarang ngamen seni kabudayan Kentrung wonten lurung-lurung dusun dalah kitha. Asilipun, kok inggih lumayan ta Bapa. Malah asring para sujana manca negari ngundang wonten hotel dalah restoran.”

“Syukur mangayubagya ora isin makarya mbarang ngamen, seni tradhisi kabudayan Kentrung karo para kanca putraku cah bagus.”

“Oh inggih Bapa...”

“Ana apa ngger putraku Siwi Pinuji?” Priyayi sepuh menika asung pitakon marang keng putra kinasih ingkang amung semata wayang.

“Kepareng inggih kula

pitaken?”

“Arep takon apa ngger putraku?”

“Lepat kula nyuwun agunging sih samodra pangaksami Bapa. Taken pesenipun saking keng Ibu niku wau. Sepindhah malih nyadhong pangaksami lho Bapa.”

Saking gantangan wingking. Peksi perkutut ingkang kaparingan tetenger Lesung Jumengglung manggung kung. Semiliring maruta, nambahi endahing swasana wonten ing karang padesan.

“Wektu Ibumu nggarbeni jangkep sangang candra lan nalika arep babaran, kanthi gita-gita, sedya ndak gawa menyang Rumah Sakit. Ndelalah kersane Allah, ana ing ndalan srempetan karo mobil sedan. Isih muji syukur Alkhamdulillah, awakmu lahir kathi slamet ora kurang sawiji apa. Ananging, Ibumu kapundhut bali narsa-Ne. Ananging, sadurunge seda, isih ninggalake pesan. “Kangmas Bodro, putraku mbenjing, ampun dipun keparengaken ngayahi pakarya mbecak. Kejawi menika, panjenenan sukani tetenger Siwi Pinuji.”

“Ngoten inggih Bapa?”

“Iya. Mulane kangge minangkane panyuwunmu iku mau, aku kaya lumaku ana ing dalan simpang. Lir umpamane, kayak arep mangan woh *Simalakama* putraku?”

“Hem..” Siwi Pinuji dhingkluk mandeng ibu bumi.

“Arep minangkani panyuwunmu, aku ora wani nyidrani pesene ibumu.”

“Terus saiki, aku kudu kepriye putraku ngger Cah

Bagus?”.

“Mboten sisah kapenggali Bapa. Menawi Gusti paring rejeki. Becak menika badhe kawula dandosaken ingkang langkung sae melih. Pesenanipun ingkang ibu Retno Pinesthi inggih badhe kawula pundhi. Sarampunipun kuliah, kawula gantos ingkang badhe merdamel. Menapa mawon, ingkang baken hallal Bapa.”

Priya sepuh kang prasaja menika gantos ngrangkul keng putra, kanthi netra kaca-kaca.

“Kula nuwun.”

“Mangga.” Kados wonten komandho. Bapa kalih putra menika nyukani jawab, uluk salam sesarengan.

“Leres menika dalemipun Siwi Pinuji.”

“Inggih Gus Carik, menika putra kula piyambak.”

“Nuwun sewu inggih Bapak Bodro. Menika wonten serat saking kantor pos. Menawi ingkang putra Siwi Pinuji ansal bebana saking negeri Walandi. Amergi, saget mimpangaken lomba naskah *sekenario film layar lebar*. Miturut serat punika, keng putra Siwi Pinuji ndamel irah-irahan *budaya tradhisi nusantara diatas budaya dunia*.”

Mireng ngendikanipun Gus Carik, priya pidegsa menika simpuh, manembah dhumateng Gusti ingkang sampun ndamel laku lakonipun lelampahan ngagesang. Nuwun.

Panggul-Trenggalek' 18012022

Order Brambang

Dening : Syafi Rilla S. Maghfuroh

Kaya ngapaa jenenge wong wadon senjata ora ajeg anggone masak nanging yen weruh wong tawa bumbon akeh – akehe kepincut. Ya saorane oleh kawigaten kang linuwih tinimbang ditawani sandhangan utawa perabotan rumah tangga kang bayare bisa dicicil. Apa maneh sing adol mono kanca dhewe. Prasasat ora ndeleng rega apa maneh mbandingne karo dagangane wong liya, wis langsung *order* kanthi pikiran sithik akeh awèh nglarisi kanca.

Anggota grup sing wis maca postingane Pak Suryat padha *ngelist* jenenge dhewe-dhewe. Ana sing pesen sekilo, rong kilo, uga ana sing nganti limang kilo. Wangsulane Pak Suryat uga ngelegakake ati. Semaya rong dina maneh digawakake menyang sekolahan. Dadi kanggone sing pesen ora usah repot yen perkara njupuk blanja. Bakune lebar bali mulang wis nggawa isen pawon.

“Sajake ana info penting ya dhik? Kawit mau HP-mu kelap-kelip wae,” ukarane Mas Ridwan sing lagi serius ing

ngarep laptope.

“Ah boten mas, iki lho Pak Suryat sing omahe wetan kali kae tawa brambang. Ndilalah stok brambang dhewe isih lumayan,”sumaurku karo ndelehne HP ing meja.

Dina Kamis esuk meja kantor wis pating clenuk brambang kresek bobot sekiloan. Meja mburiku duwekke Bu Halifa malah diwadahi kresek abang. Sawise daktakoni jare kangge digawa sambang menyang besan, maklum regane luwih miring tinimbang ing omahe sing asline Malang.

Grenang-greneng karo Mas Ridwan ujug-ujug aku eling yen malem senin arep mutus yasinan.

“Mas, sok minggu bengi daleme ibuk arep yasinan lho. Awake dhewe mrana nggawa apa?”pitakonku mbuka rembug.

“Brambang nggone Pak sapa kae dhik.. kirane luwih bisa mbiyantu tinimbang dhuwit ibu kudu mblanjakake dhewe. Lan dakkira brambang mesthi kanggene ing bahan

mangsakan.”

Sakala aku njenggirat. Eling marang brambang Pak Suryat sing mau esuk tumata rapi ing meja ruang guru. Ukurane ora sepiraa gedhe nanging katon mlenthus-mlenthus nyenengake yen dionceki. Aku langsung ngranggeh HP nuli japri Pak Suryat. Dakakoni Mas Ridwan senjata ora akeh omonge, nanging sok mentes ide lan usulane.

“Taksih bu. Ngersakne pinten kilo? Benjing sonten kula dugekaken daleme njenengan,”balesan WA saka Pak Suryat.

Mas Ridwan dakjawil lengene, sinambi kandha yen brambang Pak Suryat isih ana malah dheweke gelem ngeterake ing omah.

“Eh Mas, apa ora mesisan pesen limang kilo wae ya. Sakilo kanggo ibuk, sakilo ibuk maratua, sakkilo mbak welas sing rewang masak pas ngantenane dhewe, sakilo Yu Suminah lan Yu Jannah sing latare dingge parkir lan terop nalika acara biyen kae.”

Sakala bojoku ora

wangsulan. Mripat sing asale mandeng layar laptop dumadakan tumoleh nyawang aku, karo tangane tengen mitet irungku dheweke ngempet ngguyu. Lek wis ngene iki aku lagi sadhar menawa tumindakku gawe gumune dheweke. Sarujuk apa ora prayatangi.

“Adhuuuuhhh... kan ya sungkan ta mas, pesen mung sekilo njur diterne mrene. Mumpung tanggal enom mas hehe...,”ujarku karo mringis.

*

Cundhuk kaya janjine sore ngepasi udan grimise wis lerem, Pak Suryat ngabari arep mara ngeterne brambang. Aku sing lagi nyapu latar enggal-enggalan ngrampung lan budhal adus ganti pakeyan. Isin yen ana tamu saka sekolahan mung dasteran. Ora lali dakranggeh jilbab bergo jambon ing kamar jian dandanku kaya wong arep budhal yasinan ngono kae. Ngelingi Pak Suryat iki guru bahasa Arab ing sekolahan.

Lebar nampa kabar saka Pak Suryat, dumadakan uga oleh kabar saka Mas Ridwan sing jebul kudu nglembur. Ora bisa mulih sore kaya biasane. dheweke uga kandha yen dhuwit kanggo mbayar brambang ana ing slorokan lemari kamar. Dakkira bakal nampa tamu wong loro kaya

adate wong omah-omah anyaran ngono kae, nanging kok ya dhuh eman temen. Nanging kaya ngapaa gelane atiku kudu daksingitake. Dakatur solah bawaku, senajan ing omah ijen.

“Kulanuwun.”

Keprungu wong uluk salam saka emper omah. Atiku sing asale mangu-mangu merga ing omah ijen, jebul malah maktratab. Nyawang bocah cilik lanang sing dibonceng ibune lagi nyopot sandhal srampatan gambar spiderman.

“Mangga. Pinarak.”

Lawang modhel kupu tarung sing mung dakbuka sesisih, banjur dakbuka kekarone. Jebul Pak Suryat ora mung ijen nanging karo anak lan bojone. Ya bojone uga sing ngelunge brambang sing dikreseki abang pesenanku.

Tamu sing dakpinarakne wis kersa lungguh. Arep uthek gawe wedang, sing wadon ngejak ngobrol wae. Ing tengah-tengahe crita, aku dadi kelingan kedadeyan setaun kepungkur. Nalika kuwi umurku wis ngancik nemlikur nanging isih legan durung ana tandha-tandha jodhoku teka. Ya Mbak Ayuk iki sing WA aku kandha rena-rena. Wis lali isi WA ne nanging ajeg eling apa sing dikandhakake.

Ing sawijining wengi, nalika aku isih ngrekapi nilai tugas akhire bocah-bocah sadurunge ujian semesteran ujug-ujug aku nampa WA saka nomer anyar.

“Assalamualaikum Bu Hana, tepangaken kula Ayuk Ellani semahipun Pak Suryat. Kula nyuwun duka ingkang ageng nggih bu. Kanthi sesidheman kula mpun gadhah panemu ingkang kirang sae dhateng panjenengan amargi bojo kula mesthi japri panjenengan yen wonten menapa kemawon. Ananging sakniki kula sampun semerep piyambak, WA ne panjengan boten kados sing kula pikirne. Panjengan piyantun sing sae. Kersaa panjenengan nampi pangapunten kula bu.”

Maca pesen saka Ayuk Ellani iki, tanpa dirasakake mripatku wis kekembeng eluh. Ora kaya wadon liya sing ngumbar kanapson, aweh pandakwa sakarepe dhewe banjur nglabrak kana-kene, nanging malah njaluk sepura. Durung nganti dakbalesi tinusul WA saka nomere Pak Suryat dhewe.

“Nyuwun pangapunten sing ageng nggih Bu Hana. Menika bojo kula WA panjenengan. Nyuwun palilah panjenengan dene bojo kula menika utun. Kawit alit mula urip ing pesantren, dados

cemburuan lan boten percados lek boten semerep piyambak. Kula nyuwun mbenjing teng sekolah njenengan biasa mawon kalih kula, boten sah sungkan. Anggep mawon boten wonten napa-napa.”

“Nggih Pak Suryat,” balesanku cekak. Nuli dakterusake ngetik balesan kanggo Ayuk Ellani.

“Walaikumsalam Bu Ayuk, kula Hana Nuraini sing sowan griya kaliyan Bu Amel, lan Bu Fitri nalika panjenengan babaran lan tole sakit demam berdarah ing Ngudi Waluyo nika. Kula ugi nyuwun pangapunten sampun dados penggalih panjenengan. Sawetawis wekdal Pak Suryat pancen WA kula, yen wonten napa-napa babagan sekolah. Pamrihe boten ketinggalan info awit piyambake sanjang yen WA ne *error* lan medal piyambak saking grup resmi dereng saget dilebetne malih. Lan semadosan yen wonten info napa-napa nyuwun kula japri utawi sewalike. Dhateng kantor menika mejane ngajeng kula pas, lan sami pengajar kelas sewelas...”

Aku wis lali kepriye WA bacute, nanging wengi kuwi padha-padha njaluk sepura lan wusanane nomerku disimpen dheweke semono uga nomere Ayuk Ellani uga daksimpen embok kanggo apa.

Weruh anake lanang sing tingak – tinguk, tuwuh angenku marani meja kerjane Mas Ridwan sing biasane sumimpen premen kanggo mut-mutan. Bener, premen maneka werna mblader ing dhuwur meja. Dakjupuk toples cilik wadhah klip kertas, premen sak gegem dakcemlungne.

“Yongalah... bulik kok ora duwe jajan ya mas. Iki mung enek premen sampeyan purun apa ora?” kandhaku nyapa anake Pak Suryat.

“Walah malah diparingi premen barang, kaya bakda wae,” aloke Pak Suryat karo ngguyu weruh aku kecipuhan golek jajan.

“Dospundi bu, sampun bathi napa dereng?” pitakone Ayuk Ellani.

Aku mung mesam-mesem. Sujokna Pak Suryat wis nate crita sadurunge yen rong sasi kepungkur aku wis omah-omah, mula atiku wis lega dheweke mreng ora merga curiga karo aku nanging saderma ngetutne bojo lan silaturahmi idhep-idhep dulur anyar senjata beda dusun.

“Lha nggih.. nyuwun dongane nggih bu, kula nggih mpun puingin lho enggal gadhah momongan kados panjengan lan Pak Suryat ngeten niki. Boten klowang –

klawung yen lagi ditinggal sisihan nyambut damel,” ujarku.

“Owalah nggih bu.. anak bisa dados hiburan ugi tantangan olah kasabaran bu. Hehehe...”

“Eh ngantos supe, artane brambang menika kula aturane ibune wae lah, yakin niki mesthi sing sadayan ibune,” kandhaku karo ngelungake dhuwit sing wis disiyapake Mas Ridwan.

Ora let suwe, tamu kluargane Pak Suryat nyuwun pamit. Mendhung wis sumilak, nanging langit wis memba warna dadi abang. Senajan ijen neng omah nanging wis lega lan kebak syukur wis ora legan maneh. (cuthel)

Biodata Penulis

Syafi Rilla S. Maghfuroh.
Penulis *Sairis Semangka, 2020*
- kumpulan cerita romansa.
Alumni Sastra Jawa, UNS.
Domisili Blitar dan bergiat di Sanggar Sastra Triwida.



Dolan Menyang Museum

Dening : Zuly Kristanto

Dina iki Aldo bakal diajak Aji, kangmase menyang Museum Wajakensis, Tulungagung. Babagan iki mesthi wae gawe senenge Aldo. Sasuwene iki Aldo mung ngerti museum saka critane kangmase wae. Critane kangmase iki kang ndadekake Aldo pengen ngerti dhewe ing jero museum iku ana apa wae.

Sadurunge budhal luwih dhisik Aldo nyepakake piranti tulise. Senajan *misine* dina iki mung dolan nanging Aldo kepengin nyathet apa wae sing dianggep penting. Sabubare nglebokake piranti tulise menyang jero tas. Aldo nimbali kangmase.

“Mas, ayo budhal saiki!” ujure Aldo sinambi nothok lawang kamare kangmase.

“Sik ta, Do. Saiki hlo isih jam pitu esuk. Museume durung bukak,” wangsulane Aji.

Wangsulane Aji iki ndadekake Aldo rada kuciwa.

“Mosok jam semene isih durung buka, Mas? Kamangka biyasane jam semene iki sekolahku wis masuk?” takone Aldo maneh.

Ora watara suwe Aji metu saka kamare sinambi nggawa salemba kertas kang dilempit. Gambar lan tulisan ing kertas

kang digawa Aji iku narik kawigatene Aldo.

“Yah mene iki museume durung buka, Do. Yen kowe ora percaya wacanen iki!” ujure Aldo sinambi ngelungake kertas kang dicekel menyang Aldo.

Kertas saka kakange ditampa lan diwaca dening Aldo. Gambar lan tulisan kang isine nyritakake koleksi apa wae kang kasimpen ing Museum Wajakensis banget gawe bungahe Aldo.

“Niki sedaya wonten ing museum, Mas?” takone Aldo setengah ora percaya.

Sing ditakoni ora wangsulan nanging mung manthuk.

“Mas, ayo budhal saiki!”

“Do, tak kandhani ya! Saiki isih durung buka. Yen ora percaya tulisan iki wacanen!” prentahe Aji sinambi nuding perangan ing kertas kang dikarepake.

“Oh, iya-iya Mas. Hla, aku kadhung macak iki piye?”

“Tinimbang token-takon wae. Becike wacane kertas sing kok cekel iku nganti tuntas. Lan sing kudu kok ngerteni. Saliyane apa kang tinulis ing kertas kuwi. Isih Musium Wajakensis isih duwe koleksi kang luwih akeh maneh.”

“Tenan, Mas?”

“Tenan.”

Sepuluh menit candhake Aldo wis rampung anggane maca. Sabubare rampung kertas banjur dilempit lan diparingake kangmase. Aji banjur nglebokake kertas iku menyang njero tase. Sinambi ngenteni Aldo nyetel tipi. Tanpa dinyana ing giyaran tipi esuk kuwi. Ana warta ngenani penemuan koin kuna ing sawijining papan kang ora adoh saka omahe Aldo. Lan manut kabar ing tipi esuk kuwi. Wektu iki koin kuna iku wis diamanake ing Museum Wajakensis.

“Mas, mas. Sampeyan ngertos kabar wau?”

“Kabar apa ta Do?”

“Penemuan koin kuna ing cedhak omahe dhewe.”

“Mendah? Hla banjur piye?”

“Nggih, Mas. Manut kabar mau wekdal niki koin kunane disimpen ing museum sing bakal awake dhewe dolani.”

“Wah, berarti iki dina keberuntunganmu, Do.”

“Kok saged, Mas?”

“Jalaran kowe bakal dadi salah siji bocah sing bakal ngerti koin saka jaman kuna iku kanthi langsung.”

“Tapi kan sampun

dilebetake tipi, Mas. Dadose sampun kathah ingkang ngertos.”

“Bener. Sing ngerti wis akeh. Ning akeh-akehe lak ya mung saka tipi. Dene kowe bakal ngerti sacara langsung.”

Aldo ora nerusake anggene takon. Jalaran dheweke ngrasa apa kang dikandhakake kangmase ana benere.

Wektu sing dienteni wusanane teka. Watara jam wolu esuk Aldo dalah kangmase budhal menyang museum. Sadurunge budhal ora klalen Aldo lan kangmase pamitan dhisik menyang wong tuwane sakloron. Untunge jarak antarane omahe Aldo lan museum ora patia adoh. Yen ditempuh nganggo sepedha motor kira-kira mung mbutuhake wektu setengah jam.

Satekane museum Aldo lan kangmase dipapag kanthi grapyak dening pengelola museum. Saka pitepungan dina kuwi. Aldo ngerti yen priya kang mapag tekane lan kangmase dina kuwi asmane Pak Hariyadi.

Sawise mlebu jero museum. Aldo nggumun marang sesawangan ing ngarepe. Saliyane nggumun Aldo ngrasa bingung. Rasa bingung iki tuwuh merga lagi dina iki dheweke ngerti sesawangan kang kaya dheweke weruhi dina iki. Saka saweneh tinggalan saka jaman kuna kang kasimpen ing jero museum. Reca sing nggawa

penthung sing kapetung akrab klawan Aldo.

“Lek reca sing iki mirip kaya sing manggon ing cedhak daleme paklik ya Mas?”

“Iya, bener. Kowe isih kelingan ora? Reca iki jenenge apa?”

“Isih lah, Mas. Namine Dwarapala.”

Aji menèhi jempol merga wangsulane adhine bener. Jempol saka kangmase iki mesthi wae gawe atine Aldo tansaya bungah.

“Banjur gunane dwarapala iki apa?” dumadakan Pak Hariyadi takon menyang Aldo.

Merga ora bisa mangsuli. Aldo godheg kanthi alon.

“Hla fungsine napa, Pak?” Aldo nyuwun pirsane menyang Pak Hariyadi.

“Gunane kanggo njaga wewangunan suci. Tuladhane candhi,” wangsulane Pak Hariyadi.

Amarga babagan iki mujudake kawruh anyar lan dianggep penting tumrap Aldo. Ngenani apa sing mentas ditakonake Pak Hariyadi jangkep klawan wangsulane banjur ditulis menyang buku cathethane. Aji lan Pak Hariyadi kang nonton sing ditindakake Aldo mung mesem.

“Hlo, niki kok wonten kados monyet ingkang saged ngadeg niki napa Pak?”

“Kuwi ana tulisane. Coba wacanen dhewe!”

Aldo banjur nuruti prentahe Pak Hariyadi.

“Manusia purba niku napa ta Pak?”

“Manusia purba iku mujudake jenis makhluk mirip manungsa sing urip sadurunge manungsa ana ing alam donya. Saiki makhluk iku wis ora ana maneh. Amarga wis suwe punah. Sing kasisa mung sisasisa balunge wae,” wangsulane Pak Hariyadi.

Saliyane patung mirip monyet kang bisa ngadeg. Aldo nggumun kena ngapa ana prau saka kayu kang kasimpen ing jero museum. Aldo bingung merga papan dununge museum adoh saka laut.

“Menawi niki, Pak. Kok wonten prau saking kayu ing mriki?”

“Oalah yen kuwi nggo pangeling-eling yen ing jaman biyen Tulungagung sisih kidul mujudake rawa-rawa kang gedhe. Yen mangsa rendheng mesthi banjir. Lan prau saka kayu kaya iki siji-sijine alat transportasi kang bisa digunakake,” jlentrehe Pak Hariyadi.

Wangsulane Pak Hariyadi kang kaya ngene iki ndadekake nggumune Aldo ora rampung-rampung. Aldo babar pisan ora ngira yen kutha klairane iki ing jaman biyene nate duwe rawa kang kapetung gedhe.

Babagan iki klebu kawruh anyar kanggone Aldo. Mulane perangan iki banjur dicathet Aldo ing buku cathethane. Samungkure nyathet Aldo ngematake kanthi temenan jejeran peninggalan saka watu koleksi museum liyane kang ora kalah endah.

MUNG PANGRASAKU

JFX. Hoery

RONG TAUN PAGEBLUG

Iki mung pangrasaku
Ing mangsa pandemi
Simbah ngarani pageblug
Lelara matumpa-tumpa
Ngrabasa saidenge bawana

Jagade pancen wis owah
Jamane wis rubah
Manungsa kokehan polah
Lali panguwasane Allah

Biyen yen ana pageblug
Padha sesaji gawe tulak balak
Mubeng desa asung donga
Melekan nyegah turu sore
Asung pepuji panyuwun mring Gusti

Awan wengi ora lali
Nggugah rasa nglerem ati
Nyuwun sumingkirie pandhemi.
Pageblug kang nggegisi.

Padangan-Bojonegoro
21 Jumadilawal-Alip 1955 (26 Desember 2021)

Rong taun ora metu saka ngomah
Awake lungkrah, sebah
Ora obah ora bisa polah
Amarga pageblug corona songalas
Kabeh mung kuwagang nggresah

Dhuh Gusti
Punapa karsa Paduka
Paring deduka kados duking nguni
Kados wangsa Gumorah ingkang mboten ngabekti
Paduka paring musibah toya bah
Sapunika Paduka paring wabah penyakit

Sak enggon-enggon gemremeng pitakon
Pageblug corona pancen gawe susah
Tuwa anom ora pinilah-pilah
Saindenging donya kasrambah musibah
ora ana Negara kang digdaya
nebah dhadha jare adikuwasa
ketrajang pageblug tan mangga puliha.

Padangan-Bojonegoro
27 Jumadilawal-Alip-1955 (1 Januari 2022)

PRAHARA

KANG SINEDYA

Angin kang jejogedan nrabas mangsa pancaroba
Ninggal bun esuk kang ngglamuk
Ah ana sisa-sisa sumuk
Ing waliking prajANJI kang kineker
Ora ana kang dumeling kinocap

Kaya nalika teka nyengka dalan
Dhengkul keju linu
Kang sinempen angen-angen nglangut
Kasetyan kang tumancep kalbu
Iku mono katresnan suci

Saben jangkah krassa lungkrah
Dalan sidhatan dudu paraning laku
Ing sedya nggayuh mulya
Papan pangudasmara telenging rasa
Senajan manjing lengkehing arga.

Jinurung ati madep mantep
Tan keguh ing pambidhung
Kinanthi asihing Gusti
Manunggal ing rasa
Nyawiji.

Padanfan-Bojonegoro
28 Jumadilawal – Alip-1955 (2 Januari 2022)

Ora wujud ora gatra
Ora katon nanging nyata ana
Cetha ana nanging ora kasat mata
Gawe onya saindenge donya
Mungsuh kang ora nggawa naggala
Kuwawa ngrabasa tan pilah-pilah wangsa

Ora cetha asal usul mula bukane
Jare saka Wuhan nanging durung karuwan
Pradhongdhi sanggarunggi lan liyane
Eker-ekeran, benceng cuweng

Nerka-nerka, ngira-ira
Pageblug gaweyane manungsa
Wabah cinipta kanggo bandayuda
Nggolek pengaruh nguwasani ekonomi donya

Saweneh ana kang banjur sumeleh
Gusti paring sapudhendha pepeling
Marga manungsa wis padha duraka
Njingkur dhawuhe Pangeran
Ngawula brahala kalebu bandha
Ngaji pumpung kalane manungsa bingung
Kedlarung-dlarung kaya wong gemblung
Bumi gonjang ganjing pepati pindha babadan pacing

Padangan-Bojonegoro \
1 Jumadilakhir- Alip 1955 (5 Januari 2022)

Nono Warnono

GEGAYUHAN MIRUNGGAN

UGAL JAGAT DIGITAL

Jagat digital ngaurip tansaya bengal
Dekadensi jumlegur samodra mubal
Manungsa tumenga maya bumi geter ketriwal
Gleger gludhuk panantang mangambal ugal
Sindung riwut prahara mawalikan kontal

Jagat digital ngebyuk laku ngrabasa papan sadhengah
Pacelathon nggedhabyah kemempule sangkrah
Sinuksman Bathari Durga solah njerbabah
Dasamuka ngliga angkara murka kadidene bacingah
Tan lilih pinaripih virtual ukara pamothah
Tan mendha pamiluta jangkah jangkah nyawiyah

Jagat digital ngaurip julig salang tunjang
Pawarta uwuh ndombani bebraya keplantrang
Mojar fitnah lesus ulegan jaman miris sinawang
Arebut ngarsa ngungal sanjata gumontang tangis tawang
Tembung tembung sesorah agama pindha wisa panandhang
Bebrayan nandhang roga tan kayuwanan memang apa kapracondhang

Bojonegoro, 13 Januari 2022

Manungsa metha ulah sifat mega-mega
Gegayuhan dhuwur ngrengkuh biru akasa
Nepsu srakah kang suthik arsa tinemaha
Ing bumi sarwa sarwi gemah ripah raharja
Tumuruning anugrah lubering berkah tumanja

Manungsa butarepan marang jingglang rembulan
Sujana marang ombak cecumbu camar kasmaran
Iri marang baskara sembada ndhadhagi jaman
Nalika lelakon nyugata impen karahuna
Ngenani cakrawala punjere sangkan paran

Manungsa mindha celeng saparan kumbara
Mlekar kadonyan tanpa tetanjan marang nugraha
Urip kanggo mangan datan mangan nggo urip sajuga
Manuswa ajeg ngemba macan ngoyak ambisi linabur wisa
Kanca rowang didadi memangsang grengsenge pangangsa

Lamongan, 9 Pebruari 2022

LELAKU LAKAR

Kodrat sarana irodat ing uleng jagat
Tan ing pamiluta sajuga krekak
Nora kendhih ing silih ungkih ati sesat
Datan mundur ing piwulang hakekat

Sinigeg tepising pengangen ing ngawiyat
Ketangsang ing rerungkuding dosa maksiyat
Kedlarung mblusuk lurung dalan sidhat
Samadya urip manis lumaris giris tarekat
Rinungu aris umbul donga dzikir laku tobat

Bebrayan kiyi sajuga pangatag kumlebat
Sawega ngayuda pralampita nadan sinangga awrat
Katrenjuh mungsuh agal alus ajeg nrajang humiyat
Kudu tan mingkuh salwiring kewuh kang dadya niat
Ngadi ati mangayun panembah mring Gusti Akarya Jagat
Urip njaga jangkah tumuju gesang berkah ngalam akhirat

Bojonegoro, 27 Januari 2022
Nono Warnono:

IKI JAMAN APA?

Apa kiyi ngalamat kiamat kubra sumitra
Apa mung winates tembung ngayawara?
Lindhu mbendu bumi nyempyok manungsa
Banjir luh ngrabasa tangis tawang dina-dina
Ginung njeblug ombyaking maksiyat ngobar dahana
Lahar panas dosa bebrayan banjir numpes desa-desa

Iki kanyatan apa weca ramalan?
Manungsa migrasi ninggal bumi bebrayan
Menyang jagat samar wewayangan
Driji driji gelar blabar kawat memungsuhan
Nggegeng android ngudal ontran ontran

Iki jaman anyar apa era tanpa aran?
Wiranom kumakendel tanpa gegaran
Ninggal gegebengan subasita ninggal pranatan
Ngumuk keklompok ngelmu kadonyan
Katalompen kampung ndelahan

Bojonegoro, 3 Maret 2022

Budi Wahyono

WIT JAMBU KLUTHUK

pager wesi ules ijo wayah esuk kang gothang
nyimpen swara krusek-kruseke sapu gerang
aku apal, Yu Trimono resik-resik gegodhongan sing tumiba
karo tliti nyawang; apa ana codhot sing mabur mlumba
ngrowaki jambu kluthuk sing kemampo lan mateng mantheng
“Mbak Ning wonten kok Mas, mangga langsung bablas,” guneme
ngangeni. Aku rumangsa dipapag dadi raja
banjur njujug lungguhan cedhak kothak kolam kaca
iwak-iwak sing glibetan pating sliwer
ngundang urip kepancang jembare geber

sak nalika kegambar cetha, iwak ireng mlayu banter
iwak sijine kangelan ngoyak manther. Apa iki perlambang
yèn urip kita bakal ketendhang-tendhang?!
Santere karep ora urung banjur misahke katresnan
aku pamit nikah nalika mripatmu beningmu kedeleng ragu
ing kadohan ibuku kesawang mlenggong
tansah kelingan awakmu nalika melu nggoreng gedhang
ana pawon mburi sing kebak kebul awu
kaya-kaya Ibu kudu nyebul klilip ing mripatmu.
Wonogiri, 2022

WIT JERUK BALI

woh jeruk Bali gedhi-gedhi sing pating kruntel
tansah menet mabure pikiranku dadi ndedel
ibumu tak deleng mlengoh sumeh saka ngiringan omah
ngagem rok kembang-kembang rupa bungah
sapa maneh sing gilirane ngilirik anak wadonku awan iki?
kayane priya sing blegere kurang mitaya
mung paitan pit tuwa, rantene kebak sambat swara

tak sawang mripate ibumu trenyuh, Yu Nur
sajake mbayangke bubar udan mengko aku kudu
ngalahke bantere angin lan petungan pranggasan desa
ora keri mbulak dawa – supaya rasa lega bakal ngambah omah
nalika puluhan taun wis pamit nggulung petungan jaman
apa awakmu isih kober mbiyak kepyur kelingan?

wit jeruk Bali sing tak lirik wingi wis nggrantes punthes
ruwang tamu diambakke nganti tegel mlindhes
mung kari kesawang omah ketutup angkuh
bapak-ibu keprungu sayah merga rumangsa sepuh.
Sukoharjo, Januari 2022

WIT-WITAN GEDHANG

sing tak alem ora liya tibane udan deres
sak orane grimis, nalika rasa sujanamu nangis
membik-membik ana kencenge mripatku wong ayu
mung prekara awakmu tak limpekke nonton film menyang kutha
banjur aku krasa kudu nyaur utang ngrembaka
mengko bengi, nalika gremis nangis
ana teritisen tengen omah
bakal tak dhekep rapet kangenmu
kareben mbulan sing mlipir temangsang ana papah gedhang
aweh pepadhang
sanadyan ora patia njingglang.
Yu Sri, apa alas Jakarta sing kebak kepyuran lampu
isih mbok temu papah wit gedhang
sing kesingkur kerajang-rajang kebak petungan?!

WIT NANGKA

ana ndhuwur wadhuk, Larsi katon sabar ngenteni
priya sapa maneh sing bisa diboncengi?
knapot pit montor nyuwek kuping pating kleper
balapan ngiberake Larsi sekolah ana tegah kutha
nganti mengko awan nalika sing mapag
rebutan ana ngarep pager ngisor nangka

Larsi kudu mangerteni yèn bapak-ibune wis mantep
urip kudu sangu rasa teteg lan menep
sekolah kudu mumbul dhuwur kareben ora dadi wong nganggur
sapa ngerti banjur beja entuk wong lanang prebawa?!
Ora perlu abot-abot ngetung playune codhot
lalekna kepyuran pari, ndhaut, derep
titisa mburu bobot bibit lan bebet
kareben nelangsane bapak-ibu ora dadi ganep

ing tengah galengan sawah tak sawang langit padhang
ana uncalan slendhang
Larsi prawan ndesa kudu sregep dikudang
kareben ora bakal ilang blandhang
marga dalan isih kebak pepalang.
Wonogiri, 2022

Budi Wahyono, penggurit kelairan Wonogiri. Guritanne kapacak ana ariwarti Parikesit, Panjekar Semangat, Jaya Baya, Kartika, Mekar Sari, Derap Guru, Suara Merdeka, Solopos, Chandra Pustaka, Swaratama. Bola-bali entuk penghargaan ing babagan geguritan, minangka pemenang lomba. Sakliyané geguritan uga nulis cerkak. Kumpulan Geguritane sing wis nate terbit: “Mung Remukan Gorengan” (2020), “Kelingan Gaplek” (2021). Guritanne uga semebar ana pirang-pirang antologi. Sejene nganggo medium basa Jawa uga nulis kanthi basa Indonesia wujud; esai, kolom, puisi, cerpen, laporan, resensi, lsp. Magister lulusan Fisip UNDIP iki manggon ana pinggir kutha Semarang.

Hidratmoko Andritamtomo

1. Aksawa (Aksara Jawa) Ngadi Busana

Ajining angga saking busana
 Unen-unen tumrap piyantun kinarya pitutur
 Mangka warisan sembur saking pra leluhur
 Dados cepengan murih gesang makmur sempulur
 Datan benten aksawa ingkang katur
 Najan boten katingal pating galebyar
 Karipta kanthi maneka busana manca warna
 Wiwit taling wulu suku pepet taling tarung
 Akarya aksawa gampil winaos
 Winimbuh cecak wigyan pengkal saha layar
 Adamel ukara sangsaya trewaca pajar rinaos
 Dwi panjingan la saha wa
 Kajangkepi kanthi maneka jinisipun cakra
 Miwah pangkon kinarya tandha sigeking ukara
 Aksawa hangadi busana manca warni
 Kasil andhapuk ukara sangsaya tumata adi
 Nukulken teges temah terang dados pepajar
 Mbedhah wasita sinandi miyak kersaning sedya
 Asung piguna menggahing sasama

Sumberagung, 15 Maret 2022

2. Aksawa (Aksara Jawa) Pasangan

Sagung titah dumados kanthi pinanci
 Gesang pepasangan samya anjangkepi
 Kodrat mangka garisipun pesthi
 Kalamun pria sinandhing klawan wanita
 Perangan tangan pinasang kiwa
 Ngingil ngandhap tumidak becik saha awon
 Datan kantun aksawa ingkang rinipta leluhur jawi
 Legena pinasang kanthi aksawa pasangan
 Dwidasa jangkepipun lamun kawilang
 Pinantha nut wujuding aksara
 Dos tiga perangan mrih gampil kaemut
 Pasangan sedherek ingkang kaeka
 Lir aksara na nya ca ja ba da
 Winimbuh pa sa sarta ma wa
 Inkang rinakit memper setugal klawan asanes
 Kaping dwi pasangan tugelan
 Nut wewujudan ingkang keningal
 Benten sepalih klawan aksawa legena
 Lir aksara ha ka ta la dha tha
 Akarya gampil kaenget menggahing sasama
 Kaping tri pasangan wetah
 Datan benten tebih klawan legena
 Memper wujud samubarangipun
 Kanthi gunggung catur aksara
 Nenggih ra ga nga saha ya
 Makaten aksawa pasangan ingkang rinakit
 Mangka kodrat kedah tasah jinagi
 Murih manggih nut runtutipun ukara
 Sangsaya terang ngetingalken makna
 Nuntun margi kamulyan saking Gusti Inkang Murbeng Dumadi

3. Aksawa (Aksara Jawa) Winisudha

Aksawa ingkang dangu anganti-anti
 Wit sampun tinilar dening tiyang jawi
 Ingkang winastan kecalan jatidhiri
 Datan tepang aksara tilaran leluhur yekti
 Nyerat dalah maos estu datan enget
 Supe mring asal mulaniranipun
 Mangka jiwa piyantun jawi
 Langkung remen nggegulang aksara manca
 Rumaos mongkog gumbiraning pribadi wit saged ngupadi
 Nggegeng wasis aksara sanes
 Aksawa lir gesang salebeting pejah
 Akarya prihatos sungkawaning manah
 Wit kridha kupiyanipun pra tumaruna
 Kasdu nggigah sarenipun aksawa
 Nyiram kanthi tirta greget sengguh boten amingkuh
 Saiyeg saeka kapti samya nyawiji
 Angangkat aksara tilaran leluhur jawi
 Srana hanggelar konggres aksawa kaeka
 Gummy swasana kasdu hamiyak sepenipun wanci
 Samya mangayubagya tumapaking acara wisudha jati
 Wonten Ngayogyakarta mangka punjer kitha budaya
 Lumantar manggalaning praja
 Sinengkuyung para dwija, para wasis sarta kawula mudha
 Aksawa sangsaya gumregah gagah jumangkah
 Nedya nggegana wonten saindenging nuswantara
 Asung perbawa murih saged tansah gesang
 Wonten saben jiwa tiyang jawi ingkang greget ngudi
 Rumasuk nyawiji salabeting cipta rasa saha karsa
 Mrih lestantun ngantos ing benjing
 Mangka tilaran ingkang adi luhung

Damar Jalu Pamenang

KANGEN

dumadakan wae aku kangen
sliramu aja salah tampa
kangenku ora kanggo kanca sinarawedi
kangenku mung kagem bu rusmini
pegawe perpustakaan sekolahku
sing wis purna tugas taun wingi

gumawang ing ngarep mripatku
bu rusmini sabar lan grapyak
marang sapa wae tansah sumanak
ruwang perpustakaan sing kebak buku
nganti seprene isih nyimpen eseme
sing pait madu

marang bu Rusmini aku sinau
ngenani rasa eklas
ngenani tanggung jawab lan pengabdian
telung puluh enem taun ngayahi tugas
minangka pegawe honorer
bu rusmini ora nate sambat
ora tau rewel

Juli 2021

TUKANG BECAK

becak-becak njegogrog ing cadhak prapatan
ngenteni tekane penumpang
adoh utawa cedhak ora dadi ngapa
sing penting oleh rejeki
senadyan embuh pira

owah-gingsire jaman
mobil lan sepedha motor ngebaki dalan
becak-becak ing sandhing prapatan
sedina utuh ora oleh penumpang

bapakku tukang becak
bapakku ora ngresula
utawa nggetuni nasibe awak

Agustus 2021

ULER

uler keket uler jedhung
uler geni uler nggateli
yen langite katon mendhung
gek enggal mulih aja ngenteni wengi

uler malih dadi enthung
enthung malih dadi kupu
senadyan pinter aja kumalungkung
elinga sapa sejatimu

uler ijo ing godhong gedhang
uler soklat mendhem ing lemah
aja lelet yen tumandang
ngelingana sing ana ngomah

September 2021

BUKU HARIAN

ing buku harian
dakcathet jenengmu
lan tanggal lairmu

ing buku harian
daktulis rasa sengsemku
ngenani lintang ing mripatmu
lan andheng-andheng ing janggutmu

ing buku harian
daksuntak kangen sing mencit
nganggo guritan alit

ing buku harian
ana tembung-tembung lungit
mlesat tekan langit

Oktober 2021

Sri Asih

Tikus Prengus

Kang ...!
Iku ana tikus prengus
Ngerong
Ing njerone gedung magrong-magrong

Kang ...!
Gandane tikus iku tambah prengus
Sanajan pagere wesi kukuh bakuh
Sanajan gapura dhuwur latar amba

Kang ...!
Tikus-tikus prengus
ngendhus-endhus
Untune ngrikiti samubarang nganti prugus.

Gajah-Gajah Susah

Kang!
Dina iki
Gajah-gajah susah
Alase kobong
Gegodhongan gosong

Kang!
Gajah-gajah susah
Kelangan papan lan pangan
Tetanduran wis dadi awu
Banyu kali ora mili

Kang!
Dina iki
Sikile gajah tatu ora bisa obah
Kojal-kojal mati mluah
Balane gajah nesu njarah omah

Kang!
Dina iki
Gajah gedhe sing mati iku ilang gadinge
Digondhol maling
Anake gajah mlayu pontang-panting

Sawah Wetan Omah

Kang!
Sawah wetan omah iku subur
Aku wedi digusur

Kang!
Sawah wetan omah ora diedol
Sanajan tanggule dijebol

Kang!
Aku ora pengin dhuwit sagepok
Sawah iki warisane simbok

Kang!
Aku wedi kuwalat
Sawah wetan omah kudu dirumat

Keliek SW

Gunung Gamping

Gunung-gunung gamping
Bebanjengan dawa
Ngelingake sepur truthuk
Tinggalane Walanda

Mesthine sliramu isih bisa crita
Nalika urip ketula-tula
Adoh ratu cedhak sela
Pisambatmu adhuh biyung
Adhuh bapa

Gunung-gunung gamping
Kukuh ngrengkuh bumi
Ngesuhi tlatah cengkar binelah kali

Lamun cakrawala wiwit nggelar klawu
Aja lali bundhelan guritmu

Nganjuk, Maret 2020

Bumi Sapecak

Bumi sapecak iki
Dadi seksi
Tumapake sikil-sikil
Nepusi lurung sepi

Bumi sapecak iki
nggembol cathetan
Sejarah urip lan panguripan
Tinulis rapi
Tanpa coretan

Bumi sapecak iki
Ing tembe crita
Sapa sing cidra
Sapa sing duraka
Sapa sing setya
Sapa sing utama

Muga-muga
Ssliramu ora katut
Sinebut minangka glukut

Nganjuk, Mei 2019

S a n g u


Aku butuh sangu
Kanggo nutugake laku
Nanging aja mbok ulungake
Dhuwitmu
Sebab samengko
Dhuwit wis ora aji

Tlatah sinengker
Kebak misteri
Ngelam-elami

Nuwun sewu,
Aku mbutuhake sangu
Ora perlu dak ucapake
Apa wujud

Sliramu ora perlu ragu-ragu
Jalaran swara batinmu
Saktenane wis ngerti dhewe

Nganjuk, April 2020



Sunat Ping Pindh

URIP ana RT sing rata-rata kepala keluargane kerja pabrik, aku wis ndhuga yen mengkone bakal ana hawa saingan. Kepengine padha unggul. Mbok menawa ana gonjang-ganjing aku ya wis siap. Ukara pamungkase, yen kepengin unggul panggone ora ana kene, ana perumahan elite kana. Nanging tetep wae ana umyeke kahanan sing nggambarake saingan mau. Contone wae yen tanggane tuku motor, banjur didhedhes, regane pira, nyicile ping pira. Tanggane mbangun, yen pas omahe suwung, mesthi ana sing nrithik takon tukange. Kamangka, mulih kantorane mengko tukange lak iya crita?

Mesthi wae klebu nalika salah sijine warga kepengin nyunatake anake merga pas preinan sekolah. Kocapa Mbok Mangkih sore-sore nemoni sisihanku. Perlune paring wara-wara yen anake nomer loro arep disunatke. Aku sing krungu merga ana sandhinge langsung nyoba nyaut:

“Sunate neng ngendi Buk?” rasaku kepengin ngerti.

“Ana dokter cedhak prapatan bangjo Pak,”

“Wah, apik, cepet mari kuwi. Jare esuk iki sunat, awane isa dolanan, angger aja bal-balan,” aku

mbombong. Bu Mangkih mesam-mesem karo pamitan mulih.

Esuke Pak Mangkih nemoni aku. Meling yen dina kuwi, awane bakal ana tamu saka kelurahan. Tugasku dikon nampa tamu karo ngancani ngobrol. “Lha Sampeyan sida ngeterke putrane menyang Pak Dokter sunat?” pitakonku basa-basi. Bathuke Pak RT nyekethut. Kebak pitakon. Kandhane:

“Mboten kok Pak, namung ndherek sunatan massal mawon, mumpung wonten barengane lan ngirit,” semau. Bareng Pak Mangkih ninggalake omah, aku takon sisihanku:

“Sing bener sunate ana ngendi to Bu, putrane Pak Mangkih?”

“Ana dokter ahli sunat to Pak,” semau.

“Maksudku dokter sing ana cedhak prapatan bangjo apa sunatan massal?” pitakonku ndhedhes. Bu Tjeper sing kebenaran lagi mlebu mara dhayoh nyaut:

“Sunate pindh Mas! Ana dokter cedhak bangjo karo sunatan massal. ...,” njegadule metu. “Wong lanang karo wedok kok gawe informasi wae beda,” mbesengute tambah ndadra. Aku mesam-mesem, sunat nganti ping pindh iku terus modhle piye?!

Budi Wahyono

Panganane Dipageri

Pak Sangar sing tukang taman cedhak omahku pancen misuwur pawakan prau. Apa-apa wae kudu diregani ngango dhuwit. Yen dijaluhi tulung, ngisin-isini, siarane tekan ngendi-endi. Mula akeh warga rumangsa penak yen nganggo tenaga liya. Dudu tenagane Pak Sangar.

Sanadyan mangkono, yen ana omah sing nggunakake tukang, bisa ditebak, Pak Sangar senengane melu njagongi. Iki sing marai gaweyan ora rampung-rampung. Sing njebeli maneh, Pak Sangar nunut njaluk rokok lan udud barang. Ora ketinggalan pacitan sing cemepak ana piring, melu dirasakake.

Ing sawijining awan, nalika kalenanku ngarep omah mampet, tak coba ngogrok-ngogrok nganggo empring. Pring dawane petang meteran cukup. Nanging, endhut sing madhet ana ngisor cor-coran emperku rada abot disogok. Iki mesthi perlu bantuan Kang Pri sing awake rosa. Gage-gage tak telpon, mbok menawa ana omah. Wong dina Minggu, tugase minangka tukang kebon sekolahan mesthi ya leren.

Beja, Pak Pri longgar lan sanggup mbantu aku. Karo klecam-klecam dheweke pamit sarapan sik. Kocapa, merga omahku ana sega goreng, Pak Pri tak ajak mangan sisan. Katon atine seneng lan mangane dhokoh. Teh sak gelas gedhe uga labas njaluk jok.

Let sepuluh menit, ben segane medhun, acara

ngogrok-ngogrok endhut teka. Tak sawang, Pak Sangar wis nengkreng ana gardu. Blas ora gumbregah.

“Wiwit nyogok sak niki Pak?” pitakone Pak Pri.

“Iya Mas,” semaurku. Ora nganti seprapat jam, sanadyan kanthi menggeh-menggeh, endhut ambyar. Lega rasane. Pas enak-enake leren merga menggeh-menggeh mau, ujug-ujug Pak Sangar kledhang-kledhang mara.

Pak Pri ngilirik lan sajake ora seneng.

“Pak, gedhange goreng karo gandhose tak pageri sik ya, malah entek,” omongku alon-alon.

“Rokoke pindhah Pak, mengke ajeng kula beta wangsul, tanggal tuwa,” semau guyinan campur tenanan.

“Wedi nek dijupuk Pak Sangar?!” godhaku rada alon. Ben ora keprungu Pak Sangar sing sansaya cedhak.

“Leres, sampun sami apal,”

“Sampun rampung Pak, lancar?” pitakone Pak Sangar.

“Sampun. Wonten tenaga raksasa sekalian sukalila,” wangsulanku. Pak Sangar mung njegeges. Mripate jlalatan golek teh, panganan lan rokok. Nanging, nuwun sewu, kabeh wis tak pageri. Lan Pak Sangar ora wani nembung.



Kabupaten Trenggalek kagungan panggenan papan agrowisata ingkang taksih peninggalanipun penjajah Walanda. Papan panggenan agrowisata Dilem Wilis menika samenika kakembangaken dados papan panggenan pariwisata dening PEMDA makarya sesarengan kalih dinas pariwisata kabupaten Trenggalek dalah para relawan saking kelompok sadar wisata utawa Pokdarwis saking masyarakat kabupaten Trenggalek ngriku.

Kanamikaken Dilem Wilis amergi agrowisata ingkang wekdal jaman penjajah damel pabrik kopi menika, kagungan tuwan *Meneer Van Dilem* saking Belanda. Papan panggenanipun ngedegaken pabrik kopi menika wonten sukunipun redi Wilis ingkang sisih kidul. Sisih kilenipun tumut kabupaten Ponorogo. Wondene, ingkang sisih wetan kalebet wewengkon kabupaten Tulungagung.

Damel pangengenget-enget ingkang sampun ngedegaken pabrik kopi menika, salajengipun sareng kamekaraken dados panggenan wisata, kasukani nami papan panggenan wisata Dilem Wilis. Nami menika ngantos dumugi penulis kala warta udayana Titis Basa (TB) ngawontenaken liputan wisata dhateng ngrika.

Papan wisata alam agrowisata Dilem Wilis persisipun, manggen wonten desa Dompok kecamatan Bendungan kabupaten Trenggalek, Jawi Wetan. Saking kitha Trenggalek nuju dhateng kecamatan Bendungan jarakipun watawis 20 km. Saking kecamatan nuju lokasi wisata agrowisata Dilem Wilis watawis taksih 5 km. Endah ndudut manah, amergi mari nuju papan wisata minggah dalah mandhap pareden ingkang taksih ijem ngrembuyung ledhung ledhung.

❧ papan wisata ❧



Lha menawi para adhik adhik PRAMUKA uga para mudha ingkang kagabung Pecinta Alam saking kitha kecamatan tumuju papan panggenen wisata Dilem Wilis inggih namung mlampah dampyak-dampyak. Refresing ngiras-ngirus jantung sehat. Inggih mboten kesupe menawi wonten margi ngoten wonten kenya ndesa ingkang nuju prana, ngresepi inggih njur nggojeg guyon parikene. Mlebet dhateng papan wisata agro Dilem Wilis, mboten katarik karcis utawi *gratis*. Amergi mlebet mboten ndamel prabea menika para wisatawan ugi kathah ingkang ndugeni. Utaminipun menawi ngepasi liburan ngoten menika. Radi sepinipun pengunjung wekdal wonten pandemi virus covid 2019 nanging samenika inggih wiwit wonten pengunjung malih.

RAMAHLINGKUNGAN

Pabrik kopi peninggalanipun penjajah Walanda, ingkang rumiyin kacathet kagunganipun tuwan *Meneer Van Dilem* punika miturut panelitian migunakaken peralatan ingkang ramah kalih lingkungan. Kabukten, papan panggilinganipun uwoh kopi ngantos dados bubuk kopi migunakaken peralatan tenaga kincir angin dalah kincir toya. Lajeng toya saking pareden menika kabendung

damel mlampahaken kincir, ingkang salajengipun tenaga kincir menika ndamel nggiling uwoh kopi.

Miturut data saking ngriku, saben ndinten wekdal niku pabrik kopi Dilem Wilis, saget ngedalaken *produk* kopi bubuk watawis 5 ton.

Kopi saking redi Wilis sekitaripun punika wekdal panjajah Walanda dipun *ekspor* dhateng manca negari, kados negari: Inggris, Prancis ugi dipun damel kabutuhan dhateng negeri Walanda kiyambak wekdal jaman penjajah Belanda. Saderengipun, kagantos taneman uwit jati dalah pinus, miturut para pinesepuh saking dusun Dompjong Pareden Wilis dalah sekitaripun menika, natos dipun damel perkebunan kopi dening panjajah Belanda.

Woh Kopi saking ngriku menika miturut paneliten nggadhahi *kwalitas super*. Amergi sitinipun sae, ugi kasunaran srengene ngantos sonten. Kejawi menika ulu-ulu toya nipun inggih saget tinggeng, senjata wonten mangsa ketiga ngerak.

Sabibaripan penjajah Walanda. Kalih penjajah Jepang, perkebunan kopi sami kagantos taneman uwit jarak kalih kapas. Sareng Indonesia merdika kalih perhutani kataneman kajeng jati lajeng semenika, katanem uwit pinus kaderes damel bahan cat.

Sareng Indonesia mbudidaya ngembangaken papan-papan wisata, Dilem Wilis, salah setunggalipun ingkang minangka ajang wisata. Kados agrowisata Dilem Wilis menika inggih mboten tuna. Kasunyatanipun, ingkang ndugeni mboten namung para wisatawan lokal Trenggalek mriku kemawon. Saderengipun dugi pandhemi, kathah wisatawan saking sanjawinipun kabupaten Trenggalek ngriku, kadosta: Kediri, Tulungagung, Ponorogo lsp. Kadhang kala, para wisatawan mancanegari ugi sami nekani. Tuladhanipun kados wisman, saking: Walanda, Jepang, Kanada, Korea lan sapinunggalanipun.

NGRIPTAPAPANPAKARYAN

Kanthi monceripun agrowisata Dilem Wilis menika ugi saget ngripta papan pakaryan enggal, wonten ing sacelakipun desa Dompjong kecamatan Bendungan mriku. Kejawi damel papan penginepan kangge nyipeng pengunjung saking njawi wilayah, wonten ngriku inggih kathah para sanak sedulur

papan wisata

ingkang sadeyan, kados dedhaharan saha minuman.

Masyarakat ingkang sami ndamel prakarya dalah cindramata damel oleh-oleh kondur ugi saged kasade wonten sekitaripun papan wisata mriku. Kasunyatanipun ugi saget laris manis.

Gegog, kuliner tradhisi saking bumi Bendungan ngriku ugi tambah moncer. Kejawi kasade wonten papan wisata agrowisata Dilem Wilis, kuliner Gegog saking Bendungan ugi sampun mlebet restoran-restoran wonten ing kitha kabupaten Trenggalek sekitaripun ngriku.

Kejawi warung-warung dalah papan penginepan, amergi pengunjung rame, para paman tukang ojeg lan sedulur parkir ugi kathah kedhawahan rejeki. Pramila menika supados papan wisata, tuladhanipun agrowisata Dilem Wilis menika para masyarakat sekitaripun kalih dinas ingkang terkait kedah saiyeg saeka praya. Mboten wurung, menawi papan wisata saget kuncara dalah kathah pengunjung, masyarakat sekitaripun ngriku inggih tumut angsal rejeki. Kang baku, bisa ngripta papan pakaryan enggal ingkang samenika papan pakaryan inggih tansaya suda, ananging ingkang pados pakaryan inggih tansaya tambah.

PANELITEN

Papan wisata Dilem Wilis, kejawi damel ajang wisata ugi kadamel papan paneliten dening para mahasiswa jurusan: Pertanian, Perkebunan dalah Pariwisata. Dilem Wilis salah satunggalipun cagar budaya ingkang arupi bangunan wonten kabupaten Trenggalek. Pramila sampun leres menawi kadamel ajang paneliten. Bangunan ingkang dipun bangun jaman penjajah Belanda samenika taksih ngadeg jejeg. Wonten bangunan ingkang sampun dipun *renovasi*, tambal sulam ngaten menika, nanging mboten ngubah bentukipun, namung kadandosi ingkang sampun rusak kemawon. Tujuanipun *arsitektur* Belandanipun taksih gadhah werni manjela wonten agrowisata Dilem Willis mriku.

Bangunan-bangunan ingkang enggal, tetep ndamel *corak* bangunan lami. Bab menika supados para wisatawan ingkang wisata ria wonten agrowisata Dilem Wilis ngriku saget manggihaken gegambaran *nostalgia* sejarah rumiyin. Ingkang saderengipun tindak ngriku, namung angsal saking wacan-wacan, utawi dedongengan saking para pini

sepuh. Wonten papan wisata agrowisata Dilem Wilis menika, kados kepanggih kasunyatanipun sejarah lami. Inggih pabrik kopi wonten redi, kaunanipun tuwan *Meneer Van Dilem* dhuk ing nguni.

Semanten ugi, mboten sekedhik para mahasiswa dalah para sujana ingkang ngawontenaken paneliten siti wonten sekitaripun Dilem Wilis ngriku. Pranyata siti ngriku, pancen inggih sae damel taneman kopi. Kejawi wit kopi saged subur, ugi saged ngetokaken woh kopi ingkang nggadhahi *kualitas inggil*. Menawi sampun kadamel unjukan, aromanipun seger ugi nggadhahi raos ingkang benten kalih kopi-kopi lintunipun.

Pramila menawi tindak papan wisata agrowisata Dilem Wilis ngriku, ampun supe ngunjuk kopi inggih?

*** Nuwun.

(*St. Sri Emyani*)



Piwulang Adiluhung Saking Leluhur

Kaimpun dening : J.F.X. Hoery

SIFATING manungsa mono bisa nglakoni samubarang pratingkah, mulane perlu disumurupake marang bab-bab kang ora bener lan kang prayoga. Kang luwih dhisik, ngertiya marang duga prayoga, lire yen bungah-bungah aja kongsi ngliwati wates kang pikolehe gawe susahing liyen. Pancen saben wong mono bisa nguja bejane awake dhewe, sarana bandha kaluwihane. Nanging aja nyahak wewenang lan pangarep-arepe wong liya kang sejatine uga emoh yen ta nandhang kasusahan saka pratingkahe wong liya.

ORA ana jangka kang kelakone tanpa jangkah. Ukara iki mujudake pamecut lan pmyurung. samangsa nduweni gegayuhan enggala nggumolongake tekad kanggo tumandang gawe. Aja gampang rangu-rangu lan was-was marang barang kang durung karuwan. Kang luwih prayoga, aja kendhat anggone makarya, apa wae kedadeyane kudu wani ndhadhagi, samangsa kabeh wis sinartan petung kang maton. Kalamun nganti mandheg mangu ateges kelangan kapitayaning diripribadhi.

AJA ulap marang pangojok-ojoking wong kang durung cetha sangkan lan kalungguhane, kanthi pangucap kang mencutake., kang sabenere ajak bubah. Kaya kang kang kaucapake, "Sapa jujur bakal ajur, sing sapa ora jujur bakal makmur" Iki pakartine wong-wong kang ajak gawe rusaking jagad. Mula gondhelana kyakinanmu kanthi sesanti "Sapa salah bakal seleh". Upayanen amrih kowe bisa ngukuhi kajujuranmu kang bisa dadi pusaka kanggo naggulangi sakehing pakarti nistha kang bisa gawe kisruhe Donya.

SAMANGSA sira lagi kasinungan kabegjan sarta kamulyan, udinmen amrih bisa langgenge, aja banjur kalimput watak cubriya sarta sembrana. Amarga tumindak kang mangkono saka anggonmu nduwe watak cubriya lan sembrana mau, sisip

sembire uripmu bisa kajlungup ing juranging kasangsaran. Yen wis mangkono mung rasa getun lan keduwung sing kerik ing pamburine.

SAMANGSA kowe lagi kadunungan karejeken aja pisan-pisan keladuk anggonmu bungah. Sabalike aja keladuk anggonmu nelangsa samangsa nermahi reribet lan nandhang susah, gedhene nganti nggetuni barang kang wis kelakon. Awit keladuk bungah mau bisa ngilangkake kaprayitnan, kaduk susah njalari ati tambah kema, lan tangen lamun bisa uwal yen ora diudi sarana tandang makarya.

TAPANING rasa iku ening, tapaning ati iku temen lan tapaning sukma iku eling. Sing sapa bisa ngeningake rasa sedina sepisan bae, padatanane samubarang kang cinipta bakal kelakon. Sing sapa bisa eling, barang kang sinedya bakal ana, Sapa sing temen atine ing salawase.. kabeh kekarepane bakal kecandhak.

JEJERING pemimpin mono kudu nduweni watak satriya pinandhita. Sakabehing tindak tanduk kudu tansah gumantung marang krenteging ati kang tulus saka keteg jantungge. Watak satriya njaga amrih amaning nagara, watak pandhita murih sampurnaning pati, lire klebu pawongan pinunjul kang kanthi sabar kacongga ngadhepi lan mbrastha samubarang kang memalangi. Sarembug wicarane pancen kacongga gawe gawok, wegig lan wasis ngrengga basa, suprihe bisa nuwuhane tentreming bebrayan.

SRAWUNG ana ing madyanng bebrayan agung kajaba kudu pinter ngetrapake empan lan papan, uga kudu bisa angon mangsa lan mulat ing semu. Aja gampang ngombyongi rembug kang kowe dhewe durung ngerti prakarane. Rembugan sethithik nanging mranani ati iku nuduhake boboting pribadhi. Gunem akeh nanging ampang, malah gawe

sangga rungginge sing padha ngrungokake , kepara malah njuwarehi..

SIFATING manungsa mono bisa nglakoni samubarang pratingkah, mulane perlu disumurupake marang bab-bab kang ora bener lan kang prayoga. Kang luwih dhisik, ngertiya marang duga prayoga, lire yen bungah-bungah aja kongsi ngliwati wates kang pikolehe gawe susahing liyen. Pancen saben wong mono bisa nguja bejane awake dhewe, sarana bandha kaluwihane. Nanging aja nyahak wewenang lan pangarep-arepe wong liya kang sejatine uga emoh yen ta nandhang kasusahan saka pratingkahe wong liya.

POMA-DIPOMA padha dieling, kebrongoting ati sabisa bisa dikendhaleni , aja nganti diububi nganti muntap kang njalari mubaling nafsu, kayadene nyirep urubing geni nganggo lenga. Nafsu amarah mono isih tetep bakal tansah mbebidhung salawase, samangsa ora kinanthenan pikiran kang menep lan ati kang wening. Meneping pikir lan weninging ati bakal numusi muluring budi, kang tundhone bisa dadi panyirep sakehing pakarti setan.

ORA ana jangka kang kelakone tanpa jangkah. Ukara iki mujudake pamecut lan pmyurung. samangsa nduweni gegayuhan enggala nggumolongake tekad kanggo tumandang gawe. Aja gampang rangu-rangu lan was-was marang barang kang durung karuwan. Kang luwih prayoga, aja kendhat anggone makarya, apa wae kedadeyane kudu wani ndhadhagi, samangsa kabeh wis sinartan petung kang maton. Kalamun nganti mandheg mangu ateges kelangan kapitayaning diripribadhi.

NGENDHE_ENDHE utawa nyumenake panggaweyan iku kajaba selot suwe selot rinasa abot, kang wekasane dadi awang-awangen ngawiti, akeh-akehane sok ora ditandangi kang wekasane ora dadi, marga ora dicandhak babar pisan. Mula iya mung wong bodho lan ora setya marang gegayuhane , sapa kang dhemen ngendhe-endhe pakaryan kang kudune enggal diayati.

AJA ulap marang pangojok-ojoking wong kang durung cetha sangkan lan kalungguhane, kanthi pangucap kang mencutake., kang sabenere ajak bubrah. Kaya kang kang kaucapake, "Sapa jujur bakal ajur, sing sapa ora jujur bakal makmur" Iki pakartine wong-wong kang ajak gawe rusaking jagad. Mula gondhelana kyakinanmu kanthi sesanti "Sapa salah bakal seleh" . Upayanen amrih kowe bisa

ngukuhi kajujuranmu kang bisa dadi pusaka kanggo naggulangi sakehing pakarti nistha kang bisa gawe kisruhe donya.

THUKULE nafsu amarah mono tetela mung marga rasa wedi sarta ati kebak rasa was kuwatir . Wedi yen kejedheran wewadine, kuwatir yen kaungkulan ing liyan bab semad, drajat lan sapepadhane. Amarga nafsu kang kaya mangkono dhasar pakartine mung lelambaran ati nekat, ora kena ora mesthi tledhoring kawaspadan. Mula aran wicaksana kalamun bisa nyabili nafsu amarah.

ANTARANE tirakat lan kesrakat mono ora ana gathuke kepara adoh banget sunggate. Tirakat mono laku ngengurangi kapara malah mbuwang sakehing nafsu pepenginan kang mesthine kacongga pinangkani. Suprihe supaya bisa ngrasakake sepira abote wong urip kesrakat. Tirakat kang linandhesan prihatin ,, perih atine ora marga saela-elu utawa peksan, nyumurupi sapepadhane nandhang kesrakat, bakal nukualake ati kebak welas asih,

AJINING wong ora kaya yen wis mapan dadi bapa utawa dadi sesepuh. Nanging ngrangkani kalungguhan kang mangkono iki kebu wingiting wingit. Mula aja kaselak kumalungkung, gumenggung, ngewak-ewakake ing liyan. Awit kurang prayitnane ngencengi bebener lan jejeging adil bisa dicecamah, gedhene cacade bakal tumempel ing salawase uripe. Uwong diajeni ora narga saka putihing rambut nanging muhung saka putihing atine.

JAGAD utawa ngalam donya iki ora bakal sirep saka dahuru gedhe utawa cilik. Semono uga ing jagad cilik kang uga sinebut manungsa. Dahurune tinemu ing pambudi njumbuhake osiking batin lan ati kang tansah nglungguhi bebener karo obahing ilat lan tingkahing pakarti kang ajeg slenca. Osiking ati iku wewayangane Gusti kang Maha Wikan, ranggeh-ranggehane pancen ngrekasa, mula sewu durung kinar ana siji kang bisa nyembadani.

WASPADAKNA mungguh ciri-cirine wong drengki. Yaiku, tansah muring-muring marang wong kang ora ngerti dosa perkarane. Awit dheweke ora nate rumangsa salah, yen luput iku mesthi saka wong liya. Dene ciri-cirine wong kang wisaksana, luputing liyan ditlusuri saka awake dhewe, sapa ngerti yen salahing liyan mau marga saka kurang wicaksanane dhewe.



Sate Tempe Kedelai

Sri Asih

Punapa Panjenengan pirsa menawi tempe kedelai saged dipunmasak dados sate tempe ingkang eca, gurih, legi, pedhes?

Hemmm,yummy!

Kados pundi caranipun masak sate tempe kedelai?

Panjenengan saged masak tempe kagem pesta, hajatan utawi dipunsade.

Lha, punika caranipun masak sate tempe kedelai

Bahan:

- 500 gram tempe kedelai dipunpotong dadu
- 250 ml santen klapa
- 3 sdt gendhis pasir
- 1 sdt sarem
- 3 sdt laos (dipunmemaraken)
- 3 lembar ron salam
- 5 sdm kecap manis
- 30 sunduk sate
- Minyak goreng sacekapipun


Bumbu (dipunlembutaken)

- 3 buah lombok rawit abrit
- 9 buah lombok ageng abrit

- 7 btr brambang
- 5 siung bawang pethak
- 1 sdt merica bubuk
- 3 btr kemiri (dipun sangrai)

Caranipun masak:

- Tumis bumbu ingkang sampun lembut ngagem minyak goreng wonten nginggil wajan.
- Tambah lengkuas
- Aduk ngantos arum
- Tambah santen
- Tambah sarem lan gendhis pasir
- Aduk ngantos umob
- Lebetaken potongan tempe
- Masak ngantos bumbu rumesep
- Angkat
- Sunduk potongan tempe ngagem sunduk sate
- Olesi ngagem kecap manis kaliyan sisanipun bumbu
- Panggang ngantos arum ugi kecoklatan.
- Angkat
- Dipun hidangaken



Widodo Basuki, Pengarang Sastra Jawi ingkang Nampi Pengaji-aji Sutasoma Warsa 2021



Widodo Basuki, mujudaken salah satunggaling pengarang ingkang kala September taun 2021 angsal pengaji-aji “Anugerah Sutasoma” Balai Bahasa Jawa Timur. Minangka satunggaling pengarang, anggenipun lelumban ing jagading sastra Jawi kabiji sampun kathah paring pisumbang dhumateng ngrembakanipun sastra Jawi. Pramila panitia penghargaan Balai Bahasa Jawa Timur paring pengaji-aji minangka “Sastrawan Berdedikasi”.

Katitik saking biodata ingkang kaserat ing buku Anugerah Sutasoma 2021, Widodo Basuki sanes pengarang ingkang ngicipi pawiyatan luhur bidang sastra. Ananging pawiyatan ingkang dipuntekuni kepara ing bidhang seni rupa, inggih punika mlebet Jurusan Seni Rupa Sekolah Tinggi Kesenian Wilwatikta Surabaya (STKWS) lan Pendidikan Seni Rupa Universitas Adhibuana Surabaya. Ing pakaryan sabendintenipun ngayahi tugas minangka jurnalis, sapunika makarya minangka Pamong (Pemimpin) Redaksi Majalah Basa Jawi Jaya Baya. Kejawi taksih nglampahi minangka pelukis lan pengarang sastra Jawi.

Wiwit alit, Widodo Basuki pancen remen kesenian lan sastra. Miyos ing Desa Tawing, Kecamatan Munjungan, Kabupaten Trenggalek,

tanggal 18 Juli 1967. Putra nomer gangsal saking pasangan H. Muchtarom ingkang makarya minangka guru SD lan Ibu Hj. Asilah minangka ibu rumah tangga. Sekolah SD ngantos SMP, dipunlampahi ing Kecamatan Munjungan, salajengipun mlebet SMAN 1 Trenggalek taun 1983, sarta lulus taun 1986 nerusaken wonten pawiyatan luhur kanthi milih wonten Jurusan seni rupa.

Nalika wonten Surabaya punika, ing selaselaning kuliyah, Widodo Basuki wiwit aktif nyerat seratan-seratan sastra, dipunkintun dhateng majalah lan koran ingkang terbit ing Kitha Surabaya. Seratan kapisanan ingkang kamot ing Majalah Jaya Baya arupi karangan “Roman Sacuwil” wonten Majalah Jaya Baya. Salajengipun karangan-karangan ingkang mlebet majalah arupi geguritan, crita cekak ing Majalah Jaya Baya, Panjebur Semangat, ugi arupi artikel sastra wonten Harian Karya Dharma, “cerita anak”, cerpen, lan artikel sastra ing Harian Sore Surabaya Post lan Harian Surya.

Ing satunggaling wekdal, ing taun 1987, manggen wonten Taman Budaya Jawa Timur, para sastrawan Jawi ngawontenaken pepanggihan ing acara pengukuhan pengurus Organisasi Pengarang Sastra Jawa (OPSJ), Widodo Basuki angsal

undhangan minangka salah satunggaling pengarang. Inggih ing wekdal kasebat, saged nyumerapi lan pitepangan kaliyan pengarang-pengarang ingkang saderengipun namung saged ningali asmanipun nalika karanganipun kapacak wonten majalah basa Jawi. Asma-asma ingkang sampun kawentar ing sastra Jawi, wonten Suripan Sadi Hutomo, Esmiet, Suharmono K, Tamsir AS, Tiwiek SA, Djajus Pete, JFX. Hoeri lan para sastrawan Jawi sanesipun saking Sanggar Triwidha, Pamarsudi Sastra Jawi Bojonegoro (PSJB) lan Paguyuban Pengarang Sastra Jawi Surabaya (PPSJS).

Wiwit pemanggihan kaliyan para pengarang sastra Jawi kalawau, Widodo Basuki saya sengkut lan prodhuktif anggenipun, kejawi inggih tumut gladhen seni teater lan sastra ing Bengkel Muda Surabaya ingkang panggenanipun wonten Balai Pemuda Surabaya. Karangan-karanganipun Widodo Basuki kathah kapacak wonten medhia kadosdene: Majalah Jaya Baya, Panjebar Semangat, sarta koran *Surabaya Post*, *Karya Dharma*, *Surabaya News*, *Jawa Pos*, lan *Surya*. Karya-karyanipun arupi seratan geguritan kaimpun ing sawetawis antologi: *Ayang-Ayang Wewayangan* (PPSJS, 1992), *Gurit Panantang* (Bengkel Muda Surabaya, 1993), natos kawaos wonten Dewan Kesenian Surabaya lan Deppen Kota Blitar taun 1993), *Pisungsung* (Antologi 6 penggurit, 1995), *Drona Gugat* (Bukan Panitia Festival Seni WR. Supratman, 1995), *Negeri Bayang-Bayang* (Festival Seni Surabaya, 1996), *Wulan Sedhuwuring Geni* (Yayasan Obor Jakarta, 1996), *Prosesi Kolaborasi Ruwatan Balai Pemuda* (Seni Multimedia Komunitas Seniman Surabaya, 1998), *Gerimis Lembayung* : Puisi, esai, geguritan, (Kelompok Seni Gresik, 1998), *Kitir Tengah Wengi* (terbitan pribadi ingkang kawaos ing acara Semaan wonten Dewan Kesenian Surabaya), *Layang Saka Tlatah Wetan* (terbitan pribadi ingkang kawaos ing acara Diskusi Sastra Daerah Dewan Kesenian Jakarta (DKJ) Taman Ismail Marzuki, taun 1999), *Liong Tembang Prapatan* (Taman Budaya Jogjakarta, 1999), *Tes...Antologi Penyair Jawa Timur* (Taman Budaya Jawa Timur, 1999), *Omonga Apa Wae*, *Kumpulan Puisi dan Geguritan* (Festival Seni Cak Durasim, taun 2000), *Kabar Saka Bendulmrisi* (PPSJS, 2001), *Gerimis Lembayung* (Sanggar Seni

Petrokimia Gresik, 2001), *Bandha Pusaka: Antologi Crita Cekak* (SSJY-LKKBS Surakarta, 2001), *Bandha Warisan : Antologi Dongeng* (SSJY-LKKBS Surakarta, 2001) *Tanpa Mripat* (Sanggar Pecantingan Sidoarjo, 2004), *Ibu* (Bengkel Muda Surabaya, 2006), *Doa Tangan-Tangan* (Bengkel Muda Surabaya, 2006), *Mlesat Bareng Ukara* (PPSJS, 2014), *Sandhal Jepit Taline Abang* (PPSJS, 2016) lan *Othak Athik Gathuk* (PPSJS, 2018).

Seratan-seratanipun Widodo Basuki saya kathah, maneka warni *genre*, mboten namung arupi geguritan, ananging arupi: crita cekak, crita sambung (novel), carita rakyat, naskah drama sarta esai. Buku-bukunipun ingkang sampun terbit minangka karya mandhiri, ing antawisipun: *Gurit Panantang* (1993), *Orang-Orang Berpeci* (naskah drama kangge pementasan Bengkel Muda Surabaya, 1996), *Menak Sopal dan Buaya Putih* (cerita anak, Citra Jaya Murti, 1997), *Geger Kali Rungkut* (Naskah Wayang Kentrung, Bengkel Muda Surabaya, 2004), *Kesaksian Satu* (Naskah Drama, 2005), *Layang Saka Paran* (1999), *Medhitasi Alang-Alang* (2004), *Crita Rakyat Saka Trenggalek* (2008), *Bocah Cilik Diuber Srengenge* (Cakra Daya Sakti, 2011), *Dredah ing Padhepokan Sukma Ilang* (crita silat Jawa, 2013), *Imaji Tentang Kota, Metropolitanitas, Budaya dan Sastra Jawa* (esai, Pagan Press, 2015), *Dalan Sidhatan* (Satu Kata, 2018), *Ajisaka Angejawa* (Tankali, 2020) lan *507 Haiku Jawa* (Tankali, 2021).

Sawetawis pengaji-aji tumrap asil karyanipun Widodo Basuki ugi maneka warni. Ing bidhang jurnalistik, arupi laporan jurnalistik koperasi “Lumantar Koperasi Ndadekake Wong Cilik Bisa Gumuyu” angsal pengaji-aji Juara 1 Jurnalistik Perkoperasian saking Departemen Koperasi-Departemen Penerangan Jawa Timur, taun 1993. Seratan lintunipun ugi antuk pengaji-aji kaping enem arupi jurnalistik pariwisata, saking Dinas Pariwisata Jawa Timur. Guritan kanthi asesirah “Guritan Pari Sawuli” kapilih minangka Juara 1 ing lomba penulisan naskah geguritan ingkang dipuntindakaken dening Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Timur, 1996. Carita cekak asesirah “Cak Dul lan Maimanah” antuk juara Harapan II versi Sanggar Sastra Jawa Jogjakarta (SSJY, 1998), crita cekak



“Supinah” kapilih10 besar wonten lomba penulisan crita cekak lan kaimpun ing antologi Liong Tembang Prapatan,1999). Buku kumpulan geguritan *Layang Saka Paran* angsal pengaji-aji Hadhiah Sastra Rancage, taun 2000. “Njaga Banyune Sendhang” angsal pengaji-aji Juara 1 naskah dongeng Sanggar Sastra Jawa Jogjakarta, 2002. “Kudhi Bujel” angsal pengaji-aji Juara Harapan 1 Sanggar Sastra Jawa Jogjakarta, 2002. Cerpenipun asesirah “Sang Panji Parmi(n)” angsal Juara II wonten ing lomba cerpen bernafaskan Panji, Dewan Kesenian Jawa Timur, 2004. Lan ing taun 2014 ugi, Widodo Basuki angsal penghargaan minangka seniman berprestasi saking Gubernur Jawa Timur.

Widodo Basuki mboten namung dipunkenal minangka pengarang sastra Jawi, ananging inggih nggeluti dados seniman lukis lan makarya minangka jurnalis. Wiwit taun 1993 kaangkat minangka wartawan Majalah *Jaya Baya*, taun 2014 kapatah minangka Redaktur Pelaksana, lan taun 2020 kaangkat minangka Pamong (Pemimpin) Redaksi Majalah *Jaya Baya*. Nadyanta makaten,

saderengipun makarya ing majalah *Jaya Baya*, ugi makarya desainer wonten PT Moer Sosieties (1991-1992) ugi makarya minangka guru kesenian ing SD Pacarkeling VII Surabaya watawis 5 taun (1987-1993).

Minangka seniman/sastrawan natos tumut aksi “Kepedulian Pembreidelan Majalah Tempo dan Detik” ing jaman Pemerintahan Soeharto kanthi maos geguritan wonten ing lobi Galeri Dewan Kesenian Surabaya. Rikala Amerika nindakaken invasi dhateng negari Irak, Widodo sareng kanca-kanca ingkang kegabung ing Bengkel Muda Surabaya (BMS) lan Komunitas Seniman Indonesia Anti Perang (SIAP) nindakaken orasi lan maos guritan ing ngajengipun Konsulat AS wonten Surabaya. Sarehne guritan kalawau migunakake basa Jawi, raos lan kritik keras ingkang sejatosipun “keras” mboten karaos.

Sesarengan RM Yunani Prawiranegara, Budi Palopo, lan kanca-kanca sastrawan Jawi natos nindakaken aksi “damai” dhateng Panitia Festival WR Supratman, Surabaya, ingkang karaos “mboten adil” mboten nate migatosaken sastra Jawi mlebet ing festival. Kanthi bandha arta urunan kakumpulaken cacahipun Rp 80.000,- lajeng nerbitaken antologi “Drona Gugat” (diterbitkan Bukan Panitia Festival WR. Supratman) ingkang kacithak sedalu dados, lajeng enjingipun kangge orasi lan pentas kairingi tetabuhan. Rikala semanten sinengkuyung kaliyan





Pengarang” Jaya baya, Widodo Basuki gadhah gegebengan punika salah satunggaling cara ndhedher lare-lare sekolah supados nresnani basa lan sastra Jawi. Kanthi nresnani basa Jawi ateges terus nguri-uri utawi njagi kangge ngrembakanipun basa lan sastra Jawi.

Ing wekdal wulan Juni 2022 punika, sesarengan kanca sastrawan Jawi, nembe kemawon Widodo ugi nerbitakan kumpulan *Guritan WAH* (Widodo Basuki, Aming Aminodhien, Heri Lamongan) ingkang sampun kawaos ing Bojonegoro, ugi kabethah ing Blitar lan Ponorogo. Sastra Jawi terus mbetahaken paraga-paraga ingkang terus sami ngleluri, murih basa lan sastra Jawi tetep lestari. (*)

Ketua PPSJS Setyo Yuwono Sudikan, ingkang ugi mboten sarujuk menawi festival mboten nglebetaken sastra Jawi. Amargi protes punika ing taun candhakipun, saben-saben wonten festival, sastra Jawi lajeng dipun lebetaken agenda festival.

Menawi kabiji, pengabdianipun Widodo Basuki ing donyaning sastra Jawi kapetang mboten sekedhik. Kajawi minangka sastrawan lan jurnalis, ugi natos kapatah minangka Komite Dewan Kesenian Surabaya (periode 2004-2008), pengurus Paguyuban Pengarang Sastra Jawa (PPSJS) wiwit taun 1993- ngantos samangke, uga asring taksih nindakaken siaran sastra Jawi lumantar RRI. Ugi natos dados paraga kangge siaran basa Jawi ”Tepa Tuladha” ing TVRI Surabaya. Dados salah satunggaling pemakalah Kongres Bahasa Jawa (KBJ) III Yogyakarta (2001), KBJ IV, Semarang, 2006, KBJ V, Surabaya 2011, sarta natos kalebet ing Tim Penterjemahan Naskah *Serat Babad Madura* ing taun 2001. Minangka narasumber, paring ceramah sarta juri ing lomba-lomba sastra Jawi.

Minangka Pamong (Pemimpin) Redaksi Majalah Jaya Baya, Widodo gadhah posisi ingkang strategis nggawangi sedaya naskah-naskah sastra Jawi (geguritan, crita cekak, crita sambung, crita rakyat, lan sanesipun) sarta dados gawangipun naskah-naskah basa Jawi umumipun ingkang badhe kapacak ing majalah. Lumantar rubrik “Calon





